# Адыгэ макъ

№ 173 (19687)

2010-рэ илъэс

МЭФЭКУ
ІОНЫГЪОМ и 2

ОСЭ ГЪЭНЭФАГЪЭ ИІЭП

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет




# ЕДЖАПІЭМ фэчэфхэу екІолІэжьыгъэх

**ШІэнымгъэм и Мафэ фэгъэхьыгъэ торжественнэ зэхахьэу Мыекъуапэ игурыт еджапІэу N 15-м тыгъуасэ щыкІуагъэм хэлэжьагъ Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэу КъумпІыл Мурат.**

Хабзэ зэрэхъугъэу, мыгъэ апэрэ классым къэкІогъэ кІэлэеджакІохэмрэ я 11-рэ классым ихьагъэхэмрэ торжественнэ линейкэм апэу къырагъэблэгъагъэх.

Нэужым гущыІэр ыштагъ зигугъу къэтшІыгъэ еджапІэм идиректорэу Быщтэ Зуретэ. ИлъэсыкІэ еджэгъоу рагъэжьэжьыгъэм пае кІэлэеджакІохэм, ны-тыхэм, кІэлэегъэджэ коллективым ар игуапэу къафэгушІуагъ. Іоныгъом и 1-р сыдигъуи анахь зимэфэкІхэу апэрэ классым ихьагъэхэр ащ къыхигъэщыгъэх, ахэм «шъукъеблагъ» къариІуагъ. ШІэныгъэу тапэкІэ зэрагъэгъотыщтхэм адакІоу, ахэр щыІэныгъэм нахь тэрэзэу хэгъэгъозэгъэнхэр, ныбджэгъуныгъэм, зэгурыІоныгъэм фэгъэсэгъэнхэр пшъэрылъ шъхьаІэу апашъхьэ щытхэм ащыщхэу къыгъэнэфагъэх. АщкІэ кІэлэегъаджэхэм къатефэрэр зэкІэ зэрагъэцэкІэщтым ицыхьэ зэрэтелъыри директорым къыхигъэщыгъ.

Адыгэ Республикэм и Президентэу ТхьакІущынэ Аслъан ыцІэкІэ къэзэрэугъоигъэхэм къафэгушІуагъ АР-м и Премьер-министрэу КъумпІыл Мурат. КъыткІэхъухьэрэ лІэужхэм шІэныгъэ куухэр зэрагъэгъотынхэу, къэралыгъом, республикэм япатриотэу щытынхэу къафэлъэІуагъ. Непэ кІэлэегъаджэм обществэм чІыпІэшхо зэрэщиубытырэр, тисабыйхэм щыІэныгъэм гъогу тэрэз къыщыхахыным ахэр зэрэфэлажьэхэрэр республикэм и Правительствэ ипащэ къыІуагъ. Урысые Федерацием и Президентэу Дмитрий Медведевым Джэпсалъэу къышІыгъэм къызэрэщыхигъэщыгъэу, еджапІэр непэ шІэныгъэмрэ псаунытъэр къэухъумэгъэнымрэ ячІыпІэу щытын зэрэфаем мэхьанэшхо ритыгъ.

— Адыгеим ит еджапІэхэр аужырэ шапхъэхэм адиштэу зэтедгъэпсыхьанхэм, ахэм ящыкІэгъэ пстэури ядгъэгъотыным ыкІи сыд фэдэрэ лъэныкъокІи ІэпыІэгъу тафэхъуным тапэкІи тынаІэ тедгъэтыщт, — къыІуагъ КъумпІыл Мурат. — Тинеущырэ мафэ зыгъэпсынэу, лъызыгъэкІотэнэу тызыщыгугъырэ кІэлэеджакІохэр, дэгъоу шъуедж, кІэлэегъаджэхэм, нахьыжъхэм къаІорэм шъуядэІу.

Химие кабинетым пае егъэджэнымкІэ комплект, спорт Іэмэ-псымэхэр ыкІи компьютер гурыт еджапІэу N 15-м Премьер-министрэм шІухьафтынэу ритыгъэх.

Партиеу «Единэ Россием» илъэс къэс зэхищэрэ шІушІэ акцием ишІуагъэкІэ республикэм игурыт еджапІэхэм мыгъэ апэрэу ачІэхьэгъэ кІэлэеджэкІо мини 5 фэдизым егъэджэным ищыкІэгъэ Іэмэ-псымэхэр зыдэлъ портфельхэр аІэкІагъэхьагъэх. Мы акцием дыригъэштагъ АР-м и Президенти. АР-м гъэсэныгъэмрэ шІэныгъэмрэкІэ и Министерствэ къытІупщыгъэ сомэ миллиони 4,2-мкІэ комплект мини 5,2-рэ мы илъэсым ащэфыгъ.

Гурыт еджапІэу N 15-р непэ илъэсыкІэ еджэгъум фэхьазыр. Спонсор ІэпыІэгъум ишІуагъэкІэ блэкІыгъэ илъэсым ащ шъхьаныгъупчъакІэхэр хагъэуцуагъэх, «Единэ Россием» и Адыгэ чІыпІэ къутамэ къытІупщыгъэ ахъщэри зищыкІагъэм пэІуагъэхьагъ. АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутатхэм еджапІэм къыратыгъэ сомэ миллионымкІэ нэмыкІ гъэцэкІэжьынхэр лъагъэкІотэнхэ гухэлъ яІ. Джащ фэдэу еджапІэм видеокамери 8 хагъэуцуагъ, мэшІогъэкІосэным ишапхъэхэми ар адештэ.

2009-2010-рэ илъэс еджэгъум анахь дэгъоу зыкъэзыгъэлъэгъогъэ кІэлэеджакІохэр нэужым къыхагъэщыгъэх, ахэм щытхъу тхылъхэр ыкІи шІухьафтынхэр афагъэшъошагъэх.

Ежь кІэлэеджакІохэри усэ цІыкІухэм къяджагъэх, орэдхэр къаІуагъэх, еджэным фэчэфхэу пэхьажьыгъэх.

***ТХЬАРКЪОХЪО Адам.***

*Сурэтхэр Іэшъынэ Аслъан къытырихыгъэх.*



# ЗэхъокІыныгъэхэр афэхъугъэх

**Іоныгъом и 1-м къыщегъэжьагъэу республикэм иеджапІэхэм яа 1-рэ классхэр федеральнэ къэралыгъо шапхъэхэм атетэу рагъаджэхэу аублэщт.**

Ащ фэдэ зэхъокІыныгъэхэр зыфэхъущтхэр шэпхъакІэхэм атетэу щебгъэджэнхэу амал зиІэ еджапІэхэр арых. Ахэм непэрэ уахътэм диштэрэ кІэлэегъаджэхэр ачІэтынхэ фае, яматериальнэ базэ лъэшэу зэтегъэпсыхьэгъэнэу щыт. Ащ фэдэ еджапІэхэм «шэпхъакІэхэм яеджапІэх» араІо. Ащ фэдэу республикэм непэ еджэпІи 6 ныІэп итыр.

ШэпхъакІэхэм атетэу егъэджэгъэнхэр къыделъытэ «Наша новая школа» зыфиІорэ Іофтхьабзэм. ИкІыгъэ илъэсым ащ тетэу республикэм еджэпІи 10-м Іоф щашІагъ.

Мы илъэсыкІэ еджэгъум гурыт ыкІи ублэпІэ еджапІэхэм зэкІэмкІи кІэлэеджэкІо 45270-рэ ачІэхьажьыгъ. Ахэм ащыщэу нэбгырэ 4882-р апэрэ классым кІуагъэ.

ЕджапІэхэр илъэсыкІэ еджэгъум фытегъэпсыхьэгъэнхэм пае сомэ миллион 98,4-рэ къэралыгъом къытІупщыгъ. Ащ щыщэу миллион 13-р федеральнэ бюджетым, миллион 42,3-р республикэ бюджетым ыкІи миллион 43,4-р муниципальнэ бюджетым къахэкІыгъэх.

Тыгъуасэ илъэсыкІэ еджэгъур сэкъатныгъэ зиІэ кІэлэеджэкІо 26-м рагъэжьэжьыгъ. Ахэр яунэхэм арысхэу компьютернэ техникэр яІэпыІэгъоу рагъэджэщтых. Лъэпкъ проектэу гъэсэныгъэм къызэрэдилъытэу, ахэм якомпьютерхэр Интернетым епхыгъэщтых, цифровой оргтехникэмкІэ еджэщтых. Ащ фэдэ егъэджакІэм дистанционнэкІэ еджэх. КІэлэеджакІохэм ятехникэ Адыгэ республикэ гимназием щагъэпсыгъэ гупчэм епхыгъэщт.

***АР-м и Президент ипресс-къулыкъу***


## «АДЫГЭ МАКЪЭМ» 2011-рэ илъэсым иапэрэ мэзих кІэгъэтхэгъу зы мазэкІэ нахь пасэу едгъэжьагъ!

### Ныбджэгъу лъапІэхэр!

**Лъэпкъ гъэзетыр къизытхыкІы зышІоигъохэм апае** федеральнэ почтэм икъутамэу Адыгэ Республикэм щыІэм **иотделениехэм,** ООО-у **«Адыгея-Интерсвязь»** зыфиІорэм икиоскхэм ыкІи **«Адыгэ макъэм»** иредакцие дэжь щыт киоскым **Іоныгъом и 1-м** яІофшІэн рагъэжьэщт.

**Почтэм иотделениехэм** мыщ фэдэ уасэхэмкІэ лъэпкъ гъэзетым шъуащыкІэтхэн шъулъэкІыщт:

**— сомэ 397-рэ чапыч 26-кІэ — тхьамафэм 5** къыдэкІэу нэкІубгъуий хъурэ гъэзетэу **52161-рэ** индекс зиІэм;

**— сомэ 379-рэ чапыч 14-кІэ —** фэгъэкІотэныгъэ зиІэхэм апае **52162-рэ** индекс зиІэм;

**— соми 143-рэ чапыч 16-кІэ —** телепрограммэр зыдэлъыщт бэрэскэшхо номерэу тхьамафэм зэ къыдэкІэу **14289-рэ** индекс зиІэм;

**Мыекъуапэ щыпсэухэрэр!** «Адыгэ макъэм» иредакцие дэжь щыт киоскым индексхэу **52161-рэ, 52162-рэ, 14289-рэ** зиІэхэм **соми 140-кІэ** шъуащыкІэтхэн шъулъэкІыщт. (Мыщ щыкІатхэхэрэм киоскым гъэзетыр ежь-ежьырэу чІахыжьызэ ашІыщт);

**ООО-у «Адыгея-Интерсвязым» икиоскхэм тигъэзетхэм зэкІэми соми 150-кІэ** шъуащыкІагъэтхэщт. (КІатхэхэрэм гъэзетыр киоскым ежь-ежьырэу чІахыжьызэ ашІыщт);

къалэу Мыекъуапэ дэт хъызмэтшІапІэхэу, организациехэу, учреждениехэу **корпоративнэ шІыкІэм тетэу** гъэзет **экземпляр 15-м** къыщымыкІэу къизытхыкІын зимурадхэр редакцием **сомэ 200-кІэ** щыкІэтхэнхэ алъэкІыщт.

### ШъукІатх лъэпкъ гъэзетым!

ИЛЪЭСЫКІЭ ЕДЖЭГЪУР

# Апэрэу одыджыныр къафытеуагъ

**Іоныгъом и 1-м,** мыгъэ, Урысыем щыпсэурэ кІэлэцІыкІу миллионрэ ныкъорэ апэрэу еджэпІэ пчъэшъхьаІум елъэбэкъуагъэх ыкІи ящыІэныгъэкІэ анахь мэхьанэ зиІэ апэрэ одыджыныр къафытеуагъ.

Илъэси 6 — 7 зыныбжь кІэлэцІыкІу мин пчъагъэ (Адыгэ Республикэм икІэлэцІыкІухэри зэрахэтхэу) щыІэныгъэ гъогушхо цыпэм техьагъ. Ар шыкур!

ШІэныгъэ лъэгъожъыем теуцогъэ сабыйхэм ны-тыхэм, нахыжъхэм, кІэлэегъаджэхэм, кІэлэпІухэм анаІэ зэратырагъэтырэм бэ елъытыгъэщтыр. ЦІыфыр зыузэнкІэу, зыпсыхьэрэр къешІэкІыгъэхэр арыба. УблэпІэ классхэм ащеджэфэ лъапсэу ыгъотырэр ары кІэлэцІыкІум ыужыкІэ къышъхьэпэжьэу, зезыгъэушхоу, зезыгъэІэтырэр; хэти гуетыныгъэу, егъэжьэпІэ тэрэзэу ышІыгъэм, ыгъотыгъэм елъытыгъэу лъэкІуатэ. «Чыр цІынзэ къауфэ» аІоба, кІэлэцІыкІум исабыигъо дэдэм пкъырыхьэгъэ пстэумэ — орэшІэныгъ, орэщысэ дах, орэцІыфыгъэ хабз — десэ ахехы. Джары ны-тыхэмрэ кІэлэегъаджэмрэ аІэ зэкІэдзагъэу Іоф зыкІызэдашІэн, апэрэ классым кІогъэ сабыим еджэныр ыкІи зыхэт илэгъухэр, езыгъаджэхэрэр, фэгумэкІырэ пстэум шъхьэкІэфэныгъэ-лъытэныгъэ афишІэу зыкІапІун, зыкІырагъэсэн фаер. А зэкІэм аготэу, унагъомкІи, еджапІэмкІи апэрэр, первоклассникхэм гъогу зэпычын, ащ елъытыгъэу светофорым игъэпсыкІэ фагъэнэІосэн, хьэ гъогурыкІо хьущэхэу непэ урамхэм атиз хъугъэхэм е нэмыкІ хъугъэ-шІэгъэ Іаехэм ащаухъумэнхэр, игъорыгъозэ ахэр щыІэкІэ шапхъэхэм афэгъэсэгъэнхэр ары.

Мы мафэхэм еджэныр апэрэу зыублагъэхэми, янэ-ятэхэми, якІэлэегъаджэхэми шІукІэ, псаунытэкІэ тафэлъаІозэ, «Гъогу маф!» ятэІо.

***МАМЫРЫКЪО Нуриет.***

# Зэрэдырамыгъаштэрэр къыраІотыкІыгъ

АР-м иветеранхэм я Совет тыгъуасэ «Іэнэ хъураеу» зэхищэгъагъэм АР-м лъэпкъ ІофхэмкІэ, ІэкІыб къэралыгъохэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряІэ зэпхыныгъэхэмкІэ ыкІи къэбар жъугъэм иамалхэмкІэ и Комитет ипащэу ЖакІэмыкъо Вячеслав, ныбжьыкІэ ІофхэмкІэ Комитетым ипащэу Къэрэтэбэнэ Мыхьамодэ, Адыгэ республикэ кІэлэегъэджэ колледжым ипащэу, тарихъ шІэныгъэхэмкІэ докторэу Ацумыжъ Казбек, контр-адмиралэу Тхьагъэпсэу Мэджыдэ, нэмыкІхэр хэлэжьагъэх. ЯтІонэрэ дунэе заом Урысыем иІахьэу хишІыхьагъэр аужырэ уахътэм зэрэзэтыраІотыкІырэр, текІоныгъэр США-мрэ Великобританиемрэ зэрафагъэзэрэр ары мы Іофтхьабзэр зэхащэным ушъхьагъу шъхьаІэу фэхъугъэр.

ЖакІэмыкъо Вячеслав «Іэнэ хъураер» къызэІуихызэ, ветеранхэм я Совет мы Іофтхьабзэм кІэщакІо зэрэфэхъугъэм фэшІ ащ хэтхэм «тхьашъуегъэпсэу» ариІуагъ.

— ЯтІонэрэ дунэе заом къежьапІэу фэхъугъэм, ар зэрэкІуагъэм, зэраухыгъэм, Урысыем иІахьэу хишІыхьагъэм ишъыпкъапІэ ныбжьыкІэхэм икъоу алъызыгъэІэсын зылъэкІыщтыр шъоры, — къыІуагъ ащ.

АР-м иветеранхэм я Совет итхьаматэу Генрих Бартащук СССР-м текІоныгъэр къыдихи, къэралыгъо кІочІэшхохэм ащыщэу къызэрэхэкІыжьыгъэр, непи а чІыпІэр зэриІыгъыр зыгу римыхьыхэрэм нэмыкІэу къагъэлъэгъонэу ыуж зэрихьагъэхэм дебгъэштэнэу зэрэщымытыр, ащ ыгъэгумэкІыхэу «Іэнэ хъураер» зэрэзэхащагъэр къыІуагъ.

Нэужым тарихъым фэгъэхьыгъэ научнэ ІофшІагъэхэм, ятІонэрэ дунэе заом иилъэсхэр къызэпызычыгъэ цІыфхэм кьатхыжьыгъэхэм къагъэлъэгъорэ фактхэм Ацумыжъ Казбек къатегущыІагъ, щысэхэр къыхьыгъэх. Хэгъэгу зэошхом иветеранхэу «Іэнэ хъураем» хэлэжьагъэхэу Михаил Зигашинымрэ Виктор Усольцевымрэ заом иаужырэ мазэхэр зыфэдагъэхэр агу къызэринэжьыгъэр къаІотагъ.

— Гитлер икоалицие тызэрэтекІуагъэр ттырахынэу зэрэуцугъэхэм дебгъэштэнэу щытэп, — къыІуагъ ТхьагъэпсэуМэджыдэ къызэгущыІэм. — Зэкъошныгъэу, зэгурыІоныгъэу СССР-м илъэпкъ зэфэшъхьафхэм азыфагу илъыгъэр ары текІоныгъэр къыдэзыхыгъэр. Непи аущтэу къэбар нэпцІэу къырахьыжьагъэхэм тапэуцужьын фае.

Информационнэ «заоу» ар зищыкІагъэхэм къырахьыжьагъэм текІоныгъэр къыщыдэтхымэ, СССР-м иІахьэу хишІыхьагъэм ишъыпкъапІэ икъоу цІыф лъэпкъ пстэуми алъыІэсынэу зэрилъытэрэр къыхигъэщыгъ ныбжьыкІэ ІофхэмкІэ Комитетым ипащэу Къэрэтэбэнэ Мыхьамодэ къызэгущыІэми.

***ХЪУТ Нэфсэт.***

# Шапхъэхэм адиштэу мэфэкІыр зэхащагъ

ИлъэсыкІэ еджэгъум епхыгъэ мэфэкІ Іофтхьабзэхэу Адыгэ Республикэм щызэхащагъэхэр шапхъэхэм адиштэу рекІокІыгъэх, зи хъугъэшІагъэ къэхъугъэп. ЦІыфхэм ярэхьатныгъэ къэухъумэгъэным, шІэныгъэм и Мафэ щынэгъончъэу щытыным пае милицием икъулыкъушІэхэм япшъэрылъхэр дэгъу дэдэу агъэцэкІагъэх.

Республикэм икъалэхэм ыкІи ирайонхэм ащыкІогъэ зэхахьэхэм нэбгырэ мин 75-рэ фэдиз ахэлэжьагъ, ахэм ащыщэу мин 45-м фэдизыр кІэлэеджакІох. ЗэхэщакІохэм агъэнэфэгъэ планым диштэу мэфэкІыр рекІокІыным пае АР-м и МВД иІофышІэхэм къатефэрэр зэкІэ зэшІуахыгъ. ГъогурыкІоныр щынэгъончъэным ыкІи общественнэ рэхьатныгъэр къэухъумэгъэным мы мафэм правэухъумэкІо органхэм ялІыкІо мин фэдиз лъыплъагъ. Гурыт еджапІэхэм профилактическэ Іофтхьабзэхэр ащызэхащагъэх, гъэсэныгъэм иучреждениехэр кинологхэм ауплъэкІугъэх.

Хабзэ зэрэхъугъэу, республикэм щыпсэурэ цІыфхэри милицием иІофышІэхэм ІэпыІэгъу къафэхъугъэх.

ИлъэсыкІэ еджэгъур рагъэжьэжьыгъэ къодый. Ащ дакІоу республикэм ит еджапІэхэм яІофшІэн щынэгъончъэу гъэпсыгъэныр правэухъумэкІо ыкІи гъэцэкІэкІо органхэм япшъэрылъ шъхьаІэу къэнэжьы.

# Зыпкъ итэу Іоф ашІэ



Дагъыстан Республикэм къикІыжьхи, фермер зэшыхэу Мирзодербировхэр Мыекъопэ районымкІэ Краснооктябрьскэ къоджэ псэупІэм хэхьэрэ поселкэу Спокойнэм къызыкІожьыгъэхэр илъэситф фэдиз хъугъэ. Чэмхэр зыщаІыгъыщтыгъэ фермэ зэхэкъутагъэу поселкэм дэжь щытыгъэр къащэфыжьи, агъэцэкІэжьыгъ. НепэрэмафэмкІэ зэшитІур зипэщэ хъызмэтшІапІэм чэм 29-рэ шкІэ 17-рэ щаІыгъых.

Фермэм тызытехьэм тызыІукІэгъэ Роман Кислякрэ чэмыщ ныбжьыкІэу Аминат Будуновамрэ къызэрэтфаІотагъэмкІэ, гурытымкІэ чэм пэпчъ чэщ-зымафэм щэ литрэ 15 къыкІахы. КъакІахырэ щэр зэкІэ мафэ къэс Шэуджэн районым къикІырэ щэфакІохэм араты.

ХъызмэтшІапІэм илэжьакІохэм джыдэдэм анахь Іофыгъо шъхьаІэу яІэр былымхэм кІымафэм арагъэшхыщт Іусыр агъэхьазырыныр ары. Ащ изэшІохын былымэхъо фермэм иІофышІэхэм лъагъэкІуатэ.

***Л. МЕРТЦ.***

Сурэтым итыр: **хъызмэтшІапІэм ичэмыщэу А. Будуновар.**

# Къуалъхьэ зытыгъэр къаубытыгъ

УФ-м исуд приставхэм якъулыкъу АР-кІэ и ГъэІорышІапІэ икупэу коррупцием пэшІуекІогъэным, щынэгъончъэным ыкІи кадрэхэм афэгъэзагъэм суд приставым къуалъхьэ къезытыгъэр къыубытыгъ. Ар Тэхъутэмыкъое районым щыщ, кредит зытырэ организацием фыримыгъэзэжьыгъэу чІыфэу сомэ мини 144-рэ тель. Судым рихъухьагъэм тетэу ар къыІызыхыжьынэу екІолІэгъэ приставым исполнительнэ Іофыр къызэтыригъэуцонэу къельэІугъ, ащ пае сомэ мини 5 къуалъхьэ къыриІыщтэу къыриІуагъ. ИщыкІэгъэ Іофтхьабзэхэр зэхащэхи ар къаубытыгъ, УФ-м ипрокуратурэ следствиехэмкІэ и Комитет следствиехэмкІэ и ГъэІорышІапІэу АР-м щыІэм уголовнэ Іоф къызэІуихыгъ, зэхэфынхэр макІох.

УФ-м и Уголовнэ Кодекс ия 291-рэ статья («Дача взятки») къуалъхьэ зытыгъэм сомэ мини 100-м къыщыублагъэу сомэ мин 500-м нэс е илэжьапкІэ фэдиз тазыр е илъэси 8-м нэсэу хьапс тыралъхьанэу къыдельытэ. Адыгеим исуд приставхэм ар джыри зэ зэкІэми агу къагъэкІыжьы.

Щэпсэух адыгэхэр дунаим

# Адыгэхэм ижъыкІэ ятеплъэ-шъошагъэр

**Т. де МАРИНЬИ:** «СыдэкІыжьыным ыпэкІэ Тауш селъэІуи, къушъхьэ тІокІэ благъэм къыщылъэгъорэ Іошъхьэ мыинхэр къытІынхэу къытезгъэнэгъагъ. Анахьэу агъэлъэпІэрэ чІыпІэу мэзжьыем хэтым дэжь щыІэу, сэри сызэдэщыІагъэм пэмычыжьэр ары езгъэтІы сшІоигъуагъэр. Зэгорэм мы чІыпІэхэм ащыпсэущтыгъэ цІыф лъэпкъышхо горэмэ яхьадэхэр зыщагъэтІылъыжьыщтыгъэ чІыпІэхэу а Іуашъхьэхэр ежь черкесхэм алъытэ.

НэмыкІ хэгъэгу къикІыгъэ цІыфхэм а Іуашъхьэхэр атІыхэу, гъоплъэ тыкъырхэр къачІахыхэ зыхъукІэ, мы хэгъэгур чІыпІэрыс цІыфхэм ятэжъ пІашъэхэм аІэ къызэрэрагъэхьащтым фэшІ щыпсэущтыгъэхэу теубытагъэ хэлъэу къызараІокІэ, черкесхэм гущафэхэр арагъэшІыщтыгъэх».

**ЭД. СПЕНСЕР:** «ЦІыф хьадэ зычІэлъ Іуашъхьэ горэ къэстІыным инэу сыфэягъ. Зэпысымыгъэоу бэрэ сызелъэІу уж сиблэгъэлІыр ащ къытезгъэнагъ, ау гъэшІэгъоныр — зы чекрес закъуи къыздеІэнэу къэзгъэзэгъышъугъэп. Къэр къэптІыныр гунахьышхоу ахэм алъытэщтыгъ. Осэшхо зиІэ мылъкоу Іуашъхьэм чІэлъыр къэзыухъумэрэ псэшхор агъэгумэкІыным инэу тещыныхьэщтыгъэх. Ащ къыкІэкІэу сэри къыздэхъу сшІоигъо Іофым ыуж сикІыжьын фаеу хъугъагъэ.

Мыхэм афэдэу дунаим щыхъурэ-щышІэрэ пстэури тхьэ Іофхэм тыркухэмрэ тэтархэмрэ зэрарапхыгъэхэм паен фае ахэм яІуашъхьэхэри зи емыІагъэхэу къызкІызэтенагъэхэр.

*Сурэтыр Едыдж Батырай итхылъэу «Адыгэхэр» зыфиІорэм къыдэхыгъ.*

*Marigny. Taitdout. 1823-рэ илъэс. Пшъадэ псыхъо кІэим щатІырэ Іуашъхьэр. 1818-рэ илъэс.*



Гуманитар ушэтынхэм апылъ Адыгэ республикэ институтэу Т.М. КІэращэм ыцІэкІэ щытым иІофышІэхэм гухэкІышхо ащыхъугъ институтым идиректорщтыгъэу ХьутІыжъ Кимэ Кьэншъао ыкъор зэрэщымыІэжьыр ыкІи зидунай зыхъожьыгъэм иунагъорэ иІахьылхэмрэ афэтхьаусыхэх.

# Гъомылапхъэхэм ауасэ тынаІэ ренэу тет

**ЦIыфхэм анахь гумэкIыгъоу яIэхэм зыкIэ ащыщ гъомылапхъэхэм ауасэ зэрэхахъорэр. А Iофым фэгъэхьыгъэ упчIэхэу фагъэуцугъэхэм джэуапхэр къаретыжьых уасэхэмрэ тарифхэмрэ къэралыгъо гъэпсыкIэ яIэу шIыгъэнымкIэ Адыгэ Республикэм и ГъэIорышIапIэ ипащэ ипшъэрылъхэр зыгъэцэкIэхэрэ ПсыIушъо Юсыф.**

***— Гъомылэпхъэ зэфэшъхьафхэм: хьалыгъум, щэм ыкIи нэмыкIхэм Адыгэ Республикэм уасэу щыряIэмкIэ Iофым сыда изытетыр?***

— Социальнэ мэхьанэ зиIэ товархэм республикэм уасэу щыряIэр зыпкъ итэу гъэпсыгъэным фэшI Адыгэ Республикэм и Президент 2007-рэ илъэсым чъэпыогъум и 19-м къыдигъэкIыгъ Указэу «Адыгэ Республикэм гъомылэпхъэ зэфэшъхьафхэу социальнэ мэхьанэ зиIэхэм ауасэ зыпкъ итэу щыгъэпсыгъэным фэгъэхьыгъэ амалхэм яхьылIагъ» зыфиIорэр. А Указым перерабатывающэ промышленностым ыкIи сатыушIыным яреспубликэ предприятиехэм зэхэщакIэу яIэм емылъытыгъэу игъо ащыфелъэгъу гъомылэпхъэ зэфэшъхьафхэу (хьалыгъум, щэм, щэм хэшIыкIыгъэ продукциехэм, къое пытэхэм, былымытхъум, къэкIыхэрэм ахашIыкIырэ дагъэм, кIэнкIэм) социальнэ мэхьанэ зиIэхэм ауасэ агъэнэфэн зыхъукIэ рентабельностым ыкIи зэращэхэрэм афэшI хагъахъорэр процентиі 10-м къырамыгъэхъунэу къыделъытэ.

Адыгэ Республикэм ихэбзэ органхэу а Iофым фэгъэзагъэхэм Указым къызфиIохэрэр гъэцэкIагъэ зэрэхъухэрэм ренэу лъыплъэнхэр япшъэрылъ.

Адыгэ Республикэм имуниципальнэ образованиехэм ямониторинг къызэригъэлъагъорэмкIэ, 2010-рэ илъэсым шышъхьэIум и 16-м ехъулIэу хьалыгъум, щэм ыкIи щэм хэшIыкIыгъэ продукцием, къэкIыхэрэм ахахырэ дагъэм, чэт кIэнкIэм ауасэ республикэмкIэ хагъэхъуагъэр проценти 8,8 — 10,4-рэ.

ЦIыфхэм анахь ящыкIагъэу щыт продуктхэу гъомылэпхъэшI ыкIи перерабатывающэ промышленностым къыдигъэкIхэрэм ярентабельность проценти 10-м къехъурэп.

Ау хэгъэунэфыкIыгъэн фаер Урысые Федерацием гъэмафэр лъэшэу зэрэщыфэбагъэм къыхэкIэу анахь гъомылэпхъэ шъхьаIэхэм ауасэ хахъоу зэрэригъэжьагъэр ары. Джары къызхэкIырэр Адыгэ Республикэм гъомылэпхъэ товархэм ащыщхэм ауасэ зэхъокIыныгъэхэр щыфэхъунхэр.

Адыгеим статистикэмкIэ и ГъэIорышIапIэ къытыхэрэм къызэрагъэлъагъорэмкIэ, шышъхьэIу мазэм иапэрэ кIэлъэныкъо уасэхэм мыщ фэдиз ахэхъуагъ: хьаджыгъэмкIэ проценти 8,1-рэ, коцым хэшIыкIыгъэ хьалыгъоу апэрэ сортым хахьэрэмкIэ процент 1,7-рэ, щэу проценти 2,5-рэ хьоу тхъу зыхэлъымкIэ проценти 6,6-рэ, кефирэу проценти 2,5-рэ хьоу тхъу зыхэлъымкIэ процент 13,1-рэ, къое гъэушкъоигъэмкIэ проценти 6,6-рэ, былымытхъумкIэ проценти 6,3-рэ. Ащ фэдэу къэтлъытэгъэ гъомылапхъэхэм ауасэ хэхъонир анахьэу къызхэкIыгъэр сырьер зэращэфырэ уасэм процент 12-м нэсэу зэрэхэхъуагъэр ары.

ХэгъэунэфыкIыгъэн фаер Федеральнэ законэу «Урысые Федерацием сатыу IофшIэнэу щызэшIуахырэм къэралыгъо гъэпсыкIэ тэрэз иIэ шIыгъэным ылъапсэхэм афэгъэхьыгъ» зыфиIорэр зэраштагъэм фэшI гъомылэпхъэ товар зэфэшъхьафхэу социальнэ мэхьанэ зиIэхэм ауасэ хэпшIыкIэу хамыгъэхъоным пагъэуцужьыщт Iофтхьабзэхэр щыIэхэ хъугъэ. А товархэм ауасэ зыгорэкIэ мазэм къыкIоцI процент 30 ыкIи ащ ехъу зыхахъокIэ, Урысые Федерацием и Правительствэ календарнэ мэфэ 90-м емыхъоу ахэр зэращэщтхэ уасэхэр зыблэкIы мыхъущтхэр рихъухьащтых.

Урысые Федерацием и Правительствэ 2010-рэ илъэсым бэдзэогъум и 15-м ышIыгъэ унашъоу N 530-р зытетымкIэ гъомылэпхъэ товар шъхьаIэхэу цIыфхэм анахь ящыкIагъэхэу социальнэ мэхьанэ зиIэхэу ылъытагъэхэр: коц хьаджыгъэр, хьамцIыим хэшIыкIыгъэ хьалыгъур, хьамцIый-коц хьалыгъур, коц хьаджыгъэм хэшIыкIыгъэ хьалыгъур ыкIи булкэ зэфэшъхьафхэр, щэр ыкIи фэшъхьаф гъомылэпхъэ товархэр (пстэумкIи 24-рэ мэхъух).

***— Гъомылэпхъэ зэфэшъхьафхэм ауасэ зэрэхахъорэр зэтеIэжэгъэнымкIэ республикэм сыда щашIэрэр?***



— Социальнэ мэхьанэ зиIэ гъомылэпхъэ товархэм ауасэ бэу хамыгъэхъоным ыкIи лъапсэ имыIэу ахэм ауасэ зэрамыхъокIыным афэгъэхьыгъэ Iофыгъохэр Адыгэ Республикэм и Президент ыкIи Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет янэплъэгъу ренэу итых.

Адыгэ Республикэм ихэбзэ органхэу а Iофтхьабзэхэм язэшIохын фэгъэзагъэхэм уасэхэм ямониторинг ренэу зэхагъэуцо, а мэхьанэ ин зиIэ Iофыгъор зэшIохыгъэным фэшI уплъэкIун Iофтхьабзэхэр зэрахьэх.

Адыгэ Республикэм 0щыпсэухэрэм осэ тэрэз иIэу хьалыгъур аIэкIэгъэхьэгъэным фэшI акциеу «Народым ихьалыгъу» зыфиIорэр зэхащагъ, ащ республикэ предприятие 23-рэ хэхьэ. Хьаджыгъэм ыуасэ зэрэхэхъуагъэм емылъытыгъэу, а предприятиехэм хьалыгъу сорт зэфэшъхьафхэу къыдагъэкIыхэрэр фэшъхьаф хьалыгъухэм ауасэ нахь макIэу аращэ.

Адыгэ Республикэм гъомылэпхъэ товар зэфэшъхьафхэм ауасэ щыхэмыгъэхъогъэным фэшI фермер ыкIи унэе унэгъо хъызмэтшIапIэхэм къагъэкIырэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр ыкIи хэтэрыкIхэр охътэ гъэнэфагъэхэм ермэлыкъхэу зэхащэхэрэм ежьхэм уасэу афашIырэмкIэ ащащэнхэ фитых. Джащ фэдэу продукциер къэзыхьыжьыхэрэм ар зыщыIуагъэкIыщт сатыушIыпIэхэу кIэу зэхащэхэрэм ащащэнхэ алъэкIыщт, мэкъумэщ продукциер къэзыхьыжьыхэрэм ыкIи фермер хъызмэтшIапIэхэм зыгъэпсэфыгъо мафэхэм ащызэхащэхэрэ ермэлыкъхэм зи пэрыохъу афэмыхъоу япродукцие щащэным ищыкIэгъэ Iофтхьабзэхэр зэкIэ зехьэгъэнхэ фае.

***(Коммунальнэ фэIо-фашIэхэм ауасэ зэрэзэрахъокIырэм фэгъэхьыгъэ тхыгъэри я 4-рэ нэкIубгъом ит).***

# Амал пстэури агъэфедэщт



**Адыгэ Республикэм статистикэмкIэ и ГъэIорышIапIэ джыдэдэм мэхьанэшхо зиIэ IофшIэныр щызэшIуахы, мы илъэсым Всероссийскэ кIэтхыкIыжьынэу щыIэщтым республикэмкIэ «иIофышIэщтхэр» щырагъаджэх, щагъэхьазырых. Статуправлением иIэшъхьэтетэу Беданэкъо Нурбый къызэрэтиIуагъэмкIэ, цIыфхэм якIэтхыкIыжьын фэгъэзэгъэщтхэм ягъэджэн шышъхьэIу мазэм и 9-м рагъэжьагъ. Мыекъуапи, республикэм ирайонхэми Iофтхьэбзэшхоу щыIэщтым хэлэжьэнхэу нэбгырэ минитIу фэдиз агъэхьазыры.**

— Адыгеим щыпсэухэрэр зэкIэ кIэтхыкIыжьыным къыхегъэубытэгъэнхэмкIэ, IофшIэныр дэгъоу зэшIохыгъэнымкIэ кIэтхыкIыжьакIохэр зэрэдгъэхьазырырэм бэкIэ елъытыгъэщт. Ар къыдгурыIозэ, Адыгеястатым купиплI щызэхащи, мэфищэ едгъэджагъэх, — ыIуагъ Н. А. Беданэкъом. — Купищым нэбгыришъэ фэдизэу ахэтыгъэхэм цIыфхэм яхьылIэгъэ къэбархэр къызэраугъоищтыр, кIэтхыкIыжьакIохэм яIофшIэн зэрэзэхэщэгъэщтыр, кIэтхыкIыжьынымкIэ документхэм ищыкIэгъэ даннэхэр зэраратхэщтхэр, зиунэ кIэтхыкIыжьакIохэр езыгъэблэгъэнэу фэмыехэр стационар участкэхэм якIолIэнхэ зэралъэкIыщтыр, ахэм анэмыкIхэри дгъэхьазырхэрэм агурыдгъэIуагъ.

Статуправлением ипащэ къытфиIотагъ кIэтхыкIыжьыныр кIо хъумэ зэмыжэгъэхэ къиныгъохэм кIэтхыкIыжьакIохэр арихьылIэнхэ зэрилъэкIыщтыр, гущыIэм пае, унагъоу зыIухьагъэхэм цIыф горэ имысэу е кIэтхыкIыжьыным хэлэжьэнхэу фэмыехэм аIукIэхэмэ, зэрэзекIон фаехэри агурагъэIуагъ. Сыд фэдэ чIыпIи ахэмкIэ документ шъхьаIэу щытыр инструкциер ары, ащ рыгъуазэхэмэ, зэкIэ дэгъу хъунэу ары Н. Беданэкъом къызэриIорэр. Ащ хигъэунэфыкIыгъ Урысыем щыкIощт кIэтхыкIыжьыным хэлэжьэщтхэм ягъэджэн шIогъэ нахьыбэ къытынымкIэ амалышIу къазэрэфэхъущтхэр Росстатым къафигъэхьыгъэ мультимедийнэ пкъыгъохэр, джащ фэдэу, кIэтхыкIыжьынымкIэ документхэу инструкцием къызэрэщиIорэм тетэу агъэхьазырыгъэхэр.

КIэтхыкIыжьакIохэм IофшIэнэу къяжэрэр ащ фэдэу псынкIэ дэдэу щытэп. КIэтхыкIыжьыным хэлэжьэщтхэм ягъэджэн а кампаниер зырагъэжьэщтым нэс кIощт. Ащ нэс тестированиер акIущт пIэлъэ гъэнэфагъэкIэ Iоф зышIэщтхэм.

Статуправлением къызэрэщытаIуагъэмкIэ, СД дискхэу обучающэ программэр зигъусэхэр къаIукIэгъахэх, кIэтхыкIыжьыпIэ участкэхэм яIэшъхьэтетхэр зэрырагъэджэщтхэ инструкциехэмрэ бланкхэмрэ яIэх, мы илъэсым иIоныгъо мазэ участкэхэм япащэхэм еджэныр чIыпIэхэм ащырагъэжьэщт. Инструкторхэмрэ кIэтхыкIыжьакIохэмрэ ягъэджэн чъэпыогъу мазэм иапэрэ кIэлъэныкъо аублэщт.

КIэтхыкIыжьакIохэм пстэуми аужэу инструктаж афызэхащэщт — чъэпыогъум и 8-м къыщегъэжьагъэу и 12-м нэс.

ПэшIорыгъэшъ тестированием (ушэтыным, гъэцэкIэным) IофымкIэ шIэныгъэ икъу къэзымыгъэлъэгъогъэ специалистхэр IофшIэным хагъэлэжьэщтхэп.

Тикъэралыгъо бжыхьэм цIыфхэм якIэтхыкIыжьынэу щыкIощтым мэхьанэшхо иI, сыда пIомэ ащ икIэуххэм атегъэпсыкIыгъэу УФ-м исоциальнэ Iофыгъохэр, идемографие нахьышIу шIыгъэнхэр къыдэзылъытэрэ программэхэр зэхагъэуцощтых, арышъ, кIэтхыкIыжьыным хэлэжьэщтхэр зэрагъэхьазырыгъэхэм бэкIэ елъытыгъэщт къэралыгъо мэхьанэ зиIэ кампаниер зыфэдэщтыр.

***БРАНТIЭ Казбек.***

ЩЫПЭКIЭ-ПСЭУКIЭМ ЕПХЫГЪЭ IОФЫГЪОХЭР

# ЦIЫФХЭР ЗЫГЪЭГУМЭКIЫХЭРЭР

***Тызыхэт лъэхъаным цIыфхэр анахьэу зыгъэгумэкIыхэрэм ащыщых сыд фэдэ лъэныкъокIи уасэхэр зыпкъ зэримытхэр, ахэм хэпшIыкIэу къазэрэхахъорэр. Анахь гумэкIыгъо къафэзыхьырэр зыщыпсэухэрэ унэхэм апае цIыфхэм ахъщэу атырэр зэрэбэр ары. Мы Iофыгъохэм афэгъэхьыгъэ упчIэ заулэхэм джэуап къаретыжьы Адыгэ Республикэм уасэхэм ыкIи тарифхэм къэралыгъо гъэпсыкIэ тэрэз яIэ шIыгъэнымкIэ и ГъэIорышIапIэ ипащэ ипшъэрылъхэр зыгъэцэкIэхэрэ ПсыIушъо Юсыф.***

***Къэбар жъугъэхэр цIыфхэм алъызгъэIэсхэрэм бэмышIэу къыхаутыгъ 2011-рэ илъэсым ищылэ мазэ и 1-м щегъэжьагъэу зиунэхэм псымрэ газымрэ ясчетчикхэр имытхэм ахэм апае атырэр фэдитIукIэ нахьыбэ хъущтэу. Адыгэ Республикэм псэупIэ-коммунальнэ фэIо-фашIэхэм апае щатырэм зэхъокIыныгъэхэр фэхъущтха?***

— АпэрапшIэу къыхэзгъэщы сшIоигъу псэупIэ унэхэм апае атырэмрэ коммунальнэ фэIо-фашIэхэм уасэу яIэмрэ ыкIи коммунальнэ фэIо-фашIэхэм апае атырэр зыфэдизымрэ зэхэбгъэкIуакIэхэ зэрэмыхъущтыр. ПсэупIэ унэхэр зэраIыгъхэрэм ыкIи зэрагъэцэкIэжьхэрэм апае атын фаер зыфэдизыр зыгъэнафэхэрэр къэралыгъо гъэпсыкIэ тэрэз ащ иIэным фэгъэзэгъэ органхэр арых. Урысые Федерацием и ПсэупIэ кодекс къызэрэдилъытэрэм тетэу псэупIэ унэхэм яIыгъынкIэ ыкIи ахэр гъэцэкIэжьыгъэнхэмкIэ атын фаер зыфэдизыр зыгъэнафэхэрэр псэупIэ унэхэр зимылъку хахьэхэрэр арых, ащ дэжьым ахэр зэрыгъуазэхэрэр фэтэрыбэу зэхэт унэр ифэшъуашэм лъыкIахьэу Iыгъыгъэным фэшI ищыкIагъэр ары. Аужырэ лъэхъаным нэс Урысые Федерацием исубъектхэм якъэралыгъо хабзэ иорганхэм муниципальнэ ыкIи къэралыгъо унэ псэупIэ фондым щыпсэухэрэ гражданхэм атын фаер зыфэдизым зэхъокIыныгъэу фэхъухэрэм алъыплъэнхэр пшъэрылъэу яIагъ. Ащ фэшI псэупIэ унэхэм яфэIо-фашIэхэр зэрагъэцакIэхэрэм фэшI гражданхэм атыщтыр зыфэдизыр къыдэзылъытэрэ индексхэр ахэм агъэнафэщтыгъэх. Ау 2010-рэ илъэсым бэдзэогъум и 27-м аштэгъэ Федеральнэ законэу «Урысые Федерацием и ПсэупIэ кодекс ыкIи Урысые Федерацием инэмыкI законихъухьэ актхэм зэхъокIыныгъэхэр афэшIыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIоу N 237-ФЗ-р зытетыр заштагъэм къыщыублагъэу Урысые Федерацием исубъектхэм ягъэцэкIэкIо хабзэ иорганхэм ащ фэдэ фитыныгъэхэр ямыIэжьхэ хъугъэ, непэ ахэм псэупIэ унэхэм яфэIо-фашIэхэмкIэ уасэхэм апае мониторинг зэхэщэгъэным фэшI мыщ къыкIэлъыкIорэ фитыныгъэхэр аратыгъэх: фэтэрыбэ хъурэ унэхэм зэдыряе мылъкур Iыгъыгъэныр ыкIи гъэцэкIэжьыгъэныр, лифтхэр Iыгъыгъэнхэр, пыдзафэхэр угъоигъэнхэр ыкIи дэщыгъэнхэр, нэмыкI IофшIэн зэфэшъхьафхэу зэдыряе мылъкур ыкIи фэтэрыбэ хъурэ унэм къыгъэгъунэрэ чIыпIэр тэрэзэу Iыгъыгъэнхэм афэгъэхьыгъэхэр.

Коммунальнэ фэIо-фашIэхэр зыфэдэхэр шэпхъэ актхэу щыIэхэм къагъэлъагъо. Ахэм ахэхьэх электричествэр, газыр, фабэр, псы стырыр ыкIи чъыIэр аIэкIэгъэхьэгъэнхэр, псэу агъэфедэрэр унэхэм арыщыгъэныр, ощх ужым псыр зэрыуцорэ чIыпIэхэр укъэбзыгъэнхэр, щыIэныгъэм къытырэ пыдзафэхэр тэрэзэу угъоигъэнхэр. Ащ фэдэ фэIо-фашIэхэм ауасэхэр (ятарифхэр) къэралыгъо гъэпсыкIэ хэлъэу тэрэзэу гъэнэфэгъэнхэ фае.

Коммунальнэ фэIо-фашIэхэм ауасэ (ятариф) зыфэдизыщтыр зэлъытыгъэр материальнэ-техническэ ыкIи IофшIэн ресурсхэр, а чIыпIэм коммунальнэ инфраструктурэм иобъектхэу итхэм язытет ыкIи техническэу ахэр зэрэуIэшыгъэхэр ары. Фитыныгъэу иIэхэм къахиубытэу Адыгэ Республикэм уасэхэм ыкIи тарифхэм къэралыгъо гъэпсыкIэ тэрэз яIэ шIыгъэнымкIэ и ГъэIорышIапIэ коммунальнэ комплексым фэIо-фашIэу ыгъэцакIэхэрэм ауасэ хэхьэрэ ахъщэр зэрагъэкIодырэм экономическэ лъапсэу иIэм лъыплъэгъэныр ипшъэрылъ. Гъэзетеджэхэм ясIо сшIоигъу коммунальнэ фэIо-фашIэхэм ауасэ (ятарифхэр) Адыгэ Республикэм щызэблахъунхэ зыхъукIэ Урысые Федерацием и Правительствэ къыгъэнэфэрэ шапхъэхэм атетэу ар зэрэзэшIуахырэр.

Непэ коммунальнэ комплексым иорганизациехэм ыкIи монополиехэм ясубъектхэм япшъэрылъ къэбар жъугъэм иамалхэр ыкIи Интернетым исеть агъэфедэхэзэ ищыкIэгъэ къэбархэр цIыфхэм игъом аIэкIагъэхьанхэр. Урысые Федерацием и Правительствэ организациехэм а лъэныкъомкIэ зэшIуахын фаехэр игъо ылъэгъугъэх.

Коммунальнэ фэIо-фашIэхэмкIэ цIыфхэм атырэр, тарифыр зыфэдизхэм фэшъхьафэу ахэм зэхъокIыныгъэ афашIыным пае коммунальнэ ресурсхэу агъэфедэхэрэр зыфэдизыр къыдамылъытэ хъущтэп. ЗыгорэкIэ тарифыр зыфэдизыщтыр ащ лъыплъэрэ органым зигъэнафэкIэ, приборхэмкIэ учетыр гъэпсыгъэным зытехьэхэкIэ гражданхэм ежьхэм ашъхьэкIэ коммунальнэ ресурсхэу агъэфедэхэрэр зыфэдизым ыкIи коммунальнэ фэIо-фашIэхэм апае атырэм алъыплъэнхэ алъэкIыщт.

Джары Федеральнэ законэу «Энергиер аIэкIэгъэхьэгъэным, энергием шIуагъэу къытырэм хэгъэхъогъэным ыкIи Урысые Федерацием изаконихъухьэ актхэм ащыщхэм зэхъокIыныгъэхэр афэшIыгъэнхэм афэгъэхьыгъ» зыфиIоу N 261-ФЗ-р зытетым коммунальнэ ресурсхэу зэкIэ агъэфедэхэрэр зэрашыхэрэ коллективнэ, зэкIэ унэ ыкIи нэбгырэ шъхьафхэм учетыр зэхащэу гъэпсыгъэным фэгъэхьыгъэ Iофтхьабзэхэр зехьэгъэнхэ зэрэфаер къыделъытэ.

А законым къызэриIорэм тетэу псэупIэ унэхэр зиехэм, фэтэрыбэу зэхэтхэ унэхэм ащыпсэухэрэм 2012-рэ илъэсым ищылэ мазэ и 1-м нэс псыр, природнэ газыр, фэбэ энергиер, электрическэ энергиер учет зэрашIыщтхэ приборхэр агъэуцунхэ, джащ фэдэу а приборхэм Iоф зэрашIэрэр ауплъэкIун фае. Ащ дэжьым фэтэрыбэ хъурэ унэхэм уахътэу къызфэтIуагъэм къыхиубытэу псыр, фэбэ энергиер, электрическэ энергиер коллективым (зэкIэ унэм) зэдырие приборхэр, джащ фэдэу псыр, природнэ газыр, электрическэ энергиер, шыгъэнхэмкIэ коммунальнэ фэтэрхэм апае зы унагъом е унэгъуабэмэ зэдыряе приборхэр гъэуцугъэнхэ фае.

А законыр гъэцэкIэгъэным фэшI Урысые Федерацием чIыпIэ хэхъоныгъэмкIэ и Министерствэ фэтэрыбэу зэхэт унэхэм ыкIи нэмыкI псэупIэ унэхэм коммунальнэ фэIо-фашIэхэр зэрафагъэцэкIэщтхэм, ахэм ягъэцэкIэн зэрэзэпагъэуцтым ыкIи нахь макIэу афэгъэцэкIэгъэнхэм афэгъэхьыгъэ Шапхъэхэм япроект зэхигъэуцуагъ, ащ игъэкIотыгъэу тегущыIэнхэм ыкIи предложениехэр къахьынхэм афэшI бэдзэогъум и 26-м официальнэ сайтым а шапхъэхэр къыщыхиутыгъэх.

Шапхъэхэм къызэрагъэлъагъорэмкIэ, 2012-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 31-м ехъулIэу унэ унаехэу цIыфхэр зыщыпсэухэрэм учетыр зэрашIыщт приборхэр арымытхэ зыхъукIэ, коммунальнэ ресурсхэм апае атырэр зыфэдизыщтыр рахъухьэ зыхъукIэ, коммунальнэ фэIо-фашIэхэу агъэцакIэхэрэмкIэ шапхъэу щыIэхэр ахэм ахэзыгъэхъорэ коэффициентэу 2,5-мкIэ штагъэхэу агъэнафэх, коллективнэ (зэкIэ унэм) зэдырие приборыр щымыIэ зыхъукIэ, коммунальнэ фэIо-фашIэхэмкIэ атыщтыр зыфэдизыщтыр зэкIэ унэм ифэныкъуагъэхэм апэIухьащт коммунальнэ фэIо-фашIэхэмкIэ агъэфедэрэ шапхъэхэр ахэзыгъэхъорэ коэффициентэу 2-мкIэ аштэ, зыгорэкIэ коллективнэ (зэкIэ унэм зэдырие) приборыр щымыIэ зыхъукIэ, 2013-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 31-м ыуж ахэзыгъэхъорэ коэффициентэу 4-мкIэ аштэ.

Фэтэрыбэу зэхэт унэм зыщымыпсэухэрэ унэхэу хэтхэм учет зэрашIырэ приборхэр арымытхэ зыхъукIэ, ахэзыгъэхъорэ коэффициентхэу коммунальнэ ресурсхэр зэрагъэфедэхэрэмкIэ атын фаер зэраштэщтыр 2011-рэ илъэсым щылэ мазэм и 1-м къыщегъэжьагъэу рахъухьащт.

Урысыем и Минрегион къыгъэхьазырыгъэ проектым ихэплъэн ыкIи итегущыIэн макIо. Коммунальнэ ресурсхэм атефэщтыр къалъытэ зыхъукIэ ахэзыгъэхъорэ коэффициентхэр зыщагъэфедэщтхэм кIэух уахътэу яIэщтыр зыфэдэщтыр джырэкIэ агъэнэфагъэп.

***— Хэта джы псы чъыIэм ыкIи стырым, псыр унэхэм зэраращэрэм афэгъэхьыгъэ тарифхэр зыгъэнафэхэрэр?***

— 2010-рэ илъэсым нэс псы чъыIэм ыкIи стырым, псыр унэхэм зэраращырэм афэгъэхьыгъэ тарифхэр зыгъэнафэщтыгъэхэр Адыгэ Республикэм икъэлэ округхэм, къэлэ ыкIи къоджэ псэупIэхэм ячIыпIэ зыгъэIорышIэжьыпIэхэм яорганхэр арыгъэх. Ау 2010-рэ илъэсым бэдзэогъум и 27-м Федеральнэ законэу ыпшъэкIэ зигугъу къэтшIыгъэу N 237-ФЗ-р зытетыр заштэм а фитыныгъэхэр чIыпIэ зыгъэIорышIэжьыным иорганхэм ямыIэжьхэ хъугъэ, коммунальнэ хъызмэтым ылъэныкъокIэ тарифхэр гъэтэрэзыгъэнхэм джы фэгъэзэгъэщтыр Адыгэ Республикэм уасэхэм ыкIи тарифхэм къэралыгъо гъэпсыкIэ тэрэз яIэ шIыгъэнымкIэ и ГъэIорышIапI ары.

***— Мы илъэсым икъихьэгъум чIыпIэ зэфэшъхьафхэм фэтэрыпкIэу ащатырэм лъэшэу хэхъуагъ, ащ процент 50 — 80-м лъыкIахьэу зыкъиIэтыгъ. Ащ фэзыщэгъэхэ ушъхьагъухэу ашIыщтыгъэхэр тарифхэу муниципальнэ хабзэм игъо ылъэгъугъэхэр гъэиныгъэхэу зэрэщытхэр ары. Тарифхэм афэгъэхьыгъэ зэмызэгъыныгъэу къэтэджыгъэм къыхэкIэу Урысыем и Президентэу Дмитрий Медведевым пшъэрылъ афишIыгъ къихьащт илъэсым тарифхэм зэрахагъэхъощтыр процент 15-м рагъэхъу мыхъунэу. А лъэныкъомкIэ Адыгэ Республикэм Iофхэр сыдэущтэу щыгъэпсыгъэха?***

— Шъыпкъэр пIощтмэ, мы илъэсым коммунальнэ фэIо-фашIэхэм апае атырэр къызэраIэтырэр процента 100-м нэгъэсыгъэным техьэгъэныр Адыгэ Республикэм имуниципальнэ образованиехэм ащыщхэм ащагъэцакIэу рагъэжьагъ. Адыгэ Республикэм и Президент пшъэрылъэу афишIыгъэм тетэу коммунальнэ фэIо-фашIэхэм ащыщхэмкIэ шапхъэу щыIэхэм ахэплъэжьхи, гражданхэм атын фаер икIэрыкIэу къафалъытэжьыгъ, ащ къыхэкIэу коммунальнэ фэIо-фашIэхэмкIэ гражданхэм атырэм Адыгэ Республикэм зыкъызэрэщиIэтыгъэр процента 7-м къыщегъэжьагъэу 25-м нэс.

2011-рэ илъэсыр арымэ Iофыр зыфэгъэхьыгъэр, а лъэныкъор гъэтэрэзыгъэным фэгъэзэгъэ органым пшъэрылъ фашIыгъ коммунальнэ фэIо-фашIэхэмкIэ гражданхэм атырэм процент 15-м ехъу химыгъэхъонэу, ащ дэжьым коммунальнэ комплексым иорганизациехэм товархэу аIэкIагъахьэхэрэр ыкIи фэIо-фашIэхэу афызэшIуахыхэрэр тэрэзэу зэлъытыгъэнхэ фае, зигугъу къэтшIыгъэ организациехэм тарифхэр е хэгъэхъоныгъэу ашIыщтхэр рахъухьэхэ зыхъукIэ, коммунальнэ комплексым иорганизациехэм шIуагъэ къыкIакIоу Iоф ашIэнымкIэ, ахэм производственнэ ыкIи инвестиционнэ программэхэр агъэцэкIэнхэмкIэ шIуагъэ къэзымыхьэу агъэкIодырэ мылъкухэр тэрэзэу агъэфедэхэу амыгъэпсы хъущтэп.

***— ПсэупIэ унэм пае атырэм пэIухьанэу зищыкIагъэхэм субсидиехэр аIэкIэгъэхьэгъэнхэр агъэнафэ зыхъукIэ сыда зэрыгъуазэхэрэр?***

— ПсэупIэ унэм ыкIи коммунальнэ фэIо-фашIэхэм апае атырэм пэIухьанэу субсидиехэр гражданхэм аIэкIэгъэхьэгъэнхэ зэрэфаер Урысые Федерацием ипсэупIэ Кодекс ыкIи ахэр зэраратыщтхэ шIыкIэхэр Урысые Федерацием и Правительствэ 2005-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 14-м ышIыгъэ унашъоу N 761-р зытетым къагъэнафэх.

ПсэупIэ унэм ыкIи коммунальнэ фэIо-фашIэхэм апае атырэм пэIухьащт субсидиехэр гражданхэм зэратырэр зыгорэкIэ псэупIэ унэм иинагъэ елъытыгъэу чIыпIэ стандартым ишапхъэхэу субсидиехэр агъэнафэхэ зыхъукIэ агъэфедэхэрэм ыкIи Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет илъэс къэс псэупIэ-коммунальнэ фэIо-фашIэхэм атефэщт чIыпIэ стандартэу ыгъэнафэрэм къызэрагъэлъагъорэм тетэу ахъщэу атырэр унагъом зэкIэ федэу къыIэкIахьэрэм елъытыгъэу псэупIэ унэм ыкIи коммунальнэ фэIо-фашIэхэм апае гражданхэм атырэм иIэхьэ нахь макIэ фэдизын фае.

ПсэупIэ унэм ыкIи коммунальнэ фэIо-фашIэхэм апае гражданхэм анахь макIэу атын фаеу агъэнафэрэр Адыгэ Республикэм щыпсэурэ унагъохэм зэкIэ федэу аIэкIахьэрэм ипроцент 22-м емыхъоу ары. Джары субсидие къаратыным пае IэубытыпIэ ашIырэр.



# ЯІофшІагъэхэр зэфахьысыжьыгъэх, ашІэщтхэр агъэнэфагъэх

## Адыгэкъалэ икІэлэегъаджэхэм язэІукІэ къыратхыкІыгъ

Адыгэкъалэ егъэджэн-пІуныгъэмкІэ иІофышІэхэм августовскэ конференцие бэмышІэу яІагъ. Къалэм гъэсэныгъэмкІэ игъэІорышІапІэ ипащэу ТхьалІ Махьмудэ ащ къыщишІыгъэ докладэу «Выявление и развитие одаренных детей и поддержка талантливой молодежи» зыфиІорэм къызэрэщиІуагъэмкІэ, илъэсыкІэ еджэгъум зыщыфежьэжьхэрэм анахьэу анаІэ зытырагъэтыщтыр сэнаущыгъэ зыхэлъхэр къыхэгъэщыгъэнхэр, ахэм япчъагъэ нахьыбэ шІыгъэныр, кІалэхэм хэхъоныгъэхэр ягъэшІыгъэнхэр, ащ фэшІ зэрифэшъуашэу, программэ гъэнэфагъэм тетэу Іоф адэшІэгъэныр ары.

Адыгэкъалэ гъэсэныгъэм иучреждение 14 дэт — гурыт еджапІэхэу тфы, ублэпІэ еджапІэу зы, кІэлэцІыкІу ІыгъыпІэхэу тфы, нэмыкІхэри. ЗэкІэми Урысые Федерацием и Президентэу Дмитрий Медведевыр кІэщакІо зыфэхъугъэ Іофтхьабзэу «Наша новая школа» зыфиІорэм тегъэпсыхьагъэу яІофшІэнхэр зэхащэхэу аублагъ.

Докладчикым апэу зигугъу къышІыгъэр кІэлэцІыкІу ІыгъыпІэхэмкІэ апшъэ ифагъэхэр ары. Апэрэ кІэлэцІыкІу ІыгъыпІэр капитальнэу агъэцэкІэжьыгъ, зигъот макІэхэм ыкІи кІэлабэ зиІэ унагъохэм ІэпыІэгъоу аратырэм хагъэхъуагъ, садикхэм мылъкоу къафатІупщырэр ыкІи ахэм Іоф ащызышІэхэрэм ялэжьапкІэ нахьыбэ ашІыгъэх, нэпэмыкІ Іофыгъохэри зэшІуахыгъэх.

Мы лъэхъаным къалэм исадики 5-мэ кІэлэцІыкІу 826-рэ ащаІыгъ. Анахьыбэу, сабый 232-рэ, къызэращалІэрэр ятфэнэрэ садикэу «Пшыс» зыфиІорэр ары. Ахэм ягъэшхэни нахьышІоу зэхащэ хъугъэ. Мыщ фэгъэзагъ гъомылэпхъэ зэфэшъхьафхэр гохьэу къэзыгъэхьазырырэ ООО-у «Региональнэ пищекомбинатыр». КІэлэцІыкІухэм япсауныгъэ къэухъумэгъэным, апкъышъол гъэпытэгъэным, ядунэееплъыкІэ, яшІэныгъэ ахэгъэхъогъэным пылъых, кружоккхэм, студиехэм Іоф арагъашІэ. Зипшъэрылъхэр щытхъу хэлъэу зыгъэцакІэхэу, республикэ конкурсхэм текІоныгъэ къащыдэзыхыгъэхэ кІэлэцІыкІухэм ащыщых Тхьагъэпсэу Гощнагъо, Цуякъо Светэ, Батыжъ Зое, ЗекІогъу Саныет, Хъодэ Фатимэ, Бэгъ Фаридэ, Къошк МэлэІичэт, нэмыкІхэри.

«Наша новая школа» зыфиІорэ программэр щыІэныгъэм щыгъэцэкІэгъэным фэшІ анахьэу анаІэ зытырагъэтын фэе пкъыгъуитфыри ТхьалІ Махьмудэ къыІуагъ. Ахэр гъэсэныгъэм ишапхъэхэр гъэкІэжьыгъэнхэр, талант зиІэ кІэлэцІыкІухэм шэпхъэ гъэнэфагъэм тетэу ІэпыІэгъу афэхъугъэныр, кІэлэегъэджэ кадрэхэр гъэхьазырыгъэнхэр, еджэпІэ инфраструктурэр непэрэ щыІакІэм диштэу гъэпсыгъэныр, кІэлэеджакІохэм япсауныгъэ гъэпытэгъэныр арых.

Ахэм алъэныкъокІэ ІофшІагъэу яІэхэм, тапэкІэ ашІэщтхэм докладчикыр къатегущыІагъ. ЗэкІэ еджапІэхэм Интернетым ихьанхэ алъэкІы, яунэе сайтхэр яІэх. Компьютерэу, нэмыкІ техникэу яІэхэр егъэджэн-пІуныгъэм къыщызфагъэфедэх. Ащ ишІуагъэкІэ кІэлэеджэкІо 1702-м щыщэу 173-мэ къызэтынэкІыгъэ илъэс еджэгъур дэгъу дэдэкІэ къаухыгъ. Гурыт еджапІэр къэзыухыгъэ нэбгыри 113-м щыщэу 13-мэ дышъэ ыкІи тыжьын бгъэхалъхьэхэр къахьыгъэх.

КІэлэегъэджэ кадрэхэм алъэныкъокІэ хэхъоныгъэу ашІыхэрэм ягугъу къышІызэ, ахэм ямэзэ лэжьапкІэ зыкъызэриІэтыгъэри къыІуагъ. Ар зэрэхъущтыгъэр сомэ 5900-мэ, 2009-рэ илъэсым иІоныгъо мазэ къыщыублагъэу 8200-м нэсыгъ. КІэлэегъэджэ коллективхэр республикэ конкурсхэм ахэлажьэх, текІоныгъэхэр къащыдахых. Программэ зэфэшъхьафхэмкІэ республикэм пэрытныгъэ щаубытыгъ къалэм иапэрэ, иятІонэрэ, иящэнэрэ еджапІэхэм ыкІи ублэпІэ еджапІэу Чэтыжъ Маринэ зипащэм.

КІэлэегъаджэм и Илъэс фэгъэхьыгъэ Іофтхьэбзэ зэфэшъхьафхэри зэхащэх. Ащ фэшыхьат къэлэ конкурсэу «Учитель 2010 года» зыфиІорэр зэрэщыІагъэр, ащ Шъхьэлэхъо Маринэ текІоныгъэ къызэрэщыдихыгъэр. Семинар зэфэшъхьафхэу зэхащагъэхэм шІэныгъэ куухэр зэряІэхэр къащагъэлъэгъуагъ тарихъымкІэ кІэлэегъаджэхэу Джамбулаева Анаидэ, Физулинэ Жаннэ, хьисапымкІэ — ТІэшъу Тэмарэ, физикэмкІэ — Лъэцэр Светэ, биологиемкІэ — ЕхъулІэ Аминэт, химиемкІэ — ХьэдэгъэлІэ Руслъанэ, нэмыкІхэми.

Муниципальнэ къэлэ программэхэу «Развитие образования», «Одаренные дети», «Молодежь Адыгейска», «Оказание помощи талантливой молодежи из малообеспеченных, многодетных и социально незащищенных семей в получении высшего образования» зыфиІохэрэми Іоф ашІэ. ГъэрекІо студенти 8-мэ яеджапкІэ къэлэ администрацием афитыгъ. Мыгъэ зигъот мэкІэ унагъохэм къарыкІыгъэ студенти 7-мэ яеджапкІэ афатыгъ. Университетхэм, техникумхэм ащеджэхэрэ студент 28-мэ стипендие араты.

Республикэ олимпиадэхэм якІэлэеджэкІо 44-рэ, къэлэ олимпиадэхэм ныбжьыкІэ 435-рэ ахэлэжьагъ. Ахэм апэрэ ыкІи ятІонэрэ, ящэнэрэ чІыпІэхэр ащызыубытыгъэхэм ащыщых Шэуджэн Тимур, Дэхъужь Фатимэ, Диана Селютинар, ЕхъулІэ Алый, Любовь Бондарь, Анастасия Тетеневар, Шумэн Бислъан, нэмыкІхэри.

Ащ пыдзагъэу докладчикыр къатегущыІагъ еджапІэхэр илъэсыкІэ еджэгъум дэгъоу зэрэфытырагъэпсыхьагъэхэм, ахэм яматериальнэ базэ гъэбаигъэнымкІэ Іофышхо зэрэзэшІуахыгъэм, ахэмкІэ къалэм имэрэу Хьатэгъу Налбый ренэу ынаІэ къазэрэтетыгъэм, ІэпыІэгъушІу къазэрэфэхъугъэм. Ащ ишІуагъэкІэ гурыт ыкІи ублэпІэ еджапІэхэм медицинэ кабинетхэр яІэх, кІэлэцІыкІухэм япсауныгъэ къэухъумэгъэным ахэм ащыпылъыщтых. Спортым пылъынхэмкІи еджапІэхэм амалышІухэр яІэхъугъэ. Спортзалхэм анэмыкІэу футболешІапІи агъэпсыгъ.

— Егъэджэн-пІуныгъэр непэрэ мафэм къыгъэуцухэрэ пшъэрылъхэм адиштэу зэхэщэгъэнымкІэ амалышІухэр тиІэх, — къыІуагъ икІэухым ТхьалІ Махьмудэ. — ТиІофшІагъэхэри дэихэп, узэрыгушхон гъэхъагъэу тиІэри макІэп. РеспубликэмкІи анахь дэгъухэм тахалъытэ. Ау ащ къикІырэп щыкІагъэ горэхэри тимыІэхэу, тшІэщтыр зэкІэ тшІэгъахэу. Бэ джыри тыздэлэжьэнэу щыІэр. Ахэм ащыщ «Одаренные дети» зыфиІорэ программэм игъэцэкІэнкІэ гъунэпкъакІэхэр штэгъэнхэр, «Наша новая школа» зыфиІорэм къыдилъытэхэрэр щыІэныгъэм щыгъэцэкІэжьыгъэнхэм зэрифэшъуашэу Іоф дэтшІэныр, тисадикхэр нахь зэтегъэпсыхьэгъэнхэр, тикІэлэегъаджэхэм яшІэныгъэрэ яІэпэІэсэныгъэрэ ахэгъэхъогъэныр. ШІэныгъэм и МафэкІэ сышъуфэгушІо, шъопсэу, шъотхъэжь.

КІэлэегъэджэ конференцием темэ зэфэшъхьафхэмкІэ къыщыгущыІагъэх къалэм иублэпІэ еджапІэ идиректорэу Чэтыжъ Маринэ, Хьалъэкъое гурыт еджапІэм идиректор игуадзэу Хъодэ Сачнэт, ятІонэрэ кІэлэцІыкІу ІыгъыпІэм ипащэу ТхьалІ Къутасэ, къалэм иапэрэ ыкІи иятІонэрэ еджапІэхэм ядиректорхэм ягуадзэхэу Екатерина Маковейрэ Бэрэтэрэ Фатимэрэ, ДЮСШ-м идиректор игуадзэу ХьакІэгъогъу Казбек, заом иветеранэу ЦІыкІу Индрыс. ЗэІукІэм къыщыгущыІагъэх къалэм имэр игуадзэу Джамырзэ Гощнагъорэ народнэ депутатхэм якъэлэ Совет итхьаматэу Отэхь Рэщыдэрэ.

ИкІэухым педагогическэ ІофшІэным щыпэрытхэ, егъэджэн-пІуныгъэм гъэхъэгъэшІухэр щызышІыхэрэ кІэлэегъэджэ купышхом Адыгэ Республикэм гъэсэныгъэмкІэ и Министерствэ, Адыгэкъалэ иадминистрациерэ инароднэ депутатхэм я Советрэ ыкІи администрацием гъэсэныгъэмкІэ игъэІорышІапІэ ищытхъу тхылъхэм ахъщэ шІухьафтынхэмрэ къэгъагъэхэмрэ акІыгъухэу аратыгъэх.

***НЭХЭЕ Рэмэзан.***

*<u>ГЪЭЗЕТЕДЖЭМ ИШІОШІ</u>*

# СшІогъэшІэгъонэу седжагъ

БэмышІэу зэлъашІэрэ лІы бэрэчэтэу, икъуаджи, и Теуцожь райони щыщ цІыф гъэшІуагъэу, шъхьэкІэфэшхо къэзылэжьыгъэу Бэрэтэрэ Аскэр Сэфэрбый ыкъом «Сигупсэу си Гъобэкъуай» ыІоу, экземпляри 100 хъоу, Мыекъуапэ дэт ОАО-у «Полиграф-Юг»-м итхылъ къыщыдигъэкІыгъ.

Бэрэтэрэ Аскэр сэ зысшІэрэр илъэс 40-ми къехъужьыгъ, егъашІэми гущыІэ мыхъун ыжэ къыдэкІыгъэу зэхэсхыгъэп, сэщ нэмыкІыбэми янэІуасэшъ, колхозэу Лениным ыцІэ зыхьырэм илъэсыбэрэ итхьамэтагъэшъ, пэрытныгъэр иІэу ренэу Іоф зэришІагъэр ашІэ. Іушыгъэр къебэкІэу, ишэнкІэ шъырытэу, культурэшхо зэрэхэлъыр къыхэщэу, ыныбжь илъэс 80-м къехъугъэми, чанэу къэбар гъэшІэгъонхэр къыІуатэу щыт. Сыд фэдизырэ удэгущыІагъэми, уезэщырэп — гухэхъошхо хэогъуатэ.

Бэрэтэрэ Аскэр итхылъыкІэ иколхоз къыІэтыным пае къинэу ылъэгъугъэм, Хэгъэгу зэошхом илъэхъан икъоджэгъухэм хьазабэу зэпачыгъэм игъэкІотыгъэу нэІуасэ тафешІы. Уцуи, тІыси ямыІэу, аІэлджэнашъохэр дэщэягъэхэу икъоджэгъухэр тихэгъэгу зэрэфэлэжьагъэхэр ыкІи нэбгырэ пэпчъ щыІакІэм иІахьэу хишІыхьагъэр къыгъэлъагъозэ, алъэкъуацІэхэри, ацІэхэри арыгушхоу къыреІох.

Аскэр итхылъ щыхегъэунэфыкІы Совет хабзэм иапэрэ илъэсхэм, 1918-м къыщегъэжьагъэу, къинмыгъуаехэу къафыкъокІыщтыгъэхэр зыфэдагъэхэр, зыч-зыпчэгъоу, аІэ зэкІэдзагъэу пытагъэ къызхагъафэзэ, алъэкІ къамыгъанэу яІофхэр зэрэзэшІуахыщтыгъэхэр, къиным зэрэпэуцужьыгъэхэр. Аскэр итхылъ адыгэ шэн-зекІокІэ дахэхэу тятэжъхэм къытфагъэнагъэхэм къащытегущыІэ зыхъукІэ, щымыгъупшэу щэбзащэу ыбзэ егъэпсы — ахэр сыд фэдэкІи уукъохэ зэрэмыхъущтыр, анахьэу ныдэлъфыбзэр шІу дэдэ зэрэплъэгъун, тиныбжьыкІэхэу къыткІэхъухьэхэрэм тиадыгэ лъэпкъ къырыкІогъэ тарихъыр ашІэн зэрэфаер, тятэжъхэм заокІэ, лъыпсыкІэ ерагъэу пхыратхъугъэ гъогу лъагъор тымыгъэгъуащэу, тызэгурыІоу, тиадыгэ шэн-зэхэтыкІэхэр чІэтымынэу, сыдрэ ІофшІэни тыдэмышъхьахэу тыпсэунэу къытэджэ. Нахьыжъым къызиІокІэ, нахьыкІэм зэригъэцакІэрэм щысэ тетхызэ, щыІэныгъэм лъэпсэ пытэ зэрэщытшІыщтым Аскэр итхылъ тыфегъасэ, гупшысакІэхэр тыгу къегъэкІых...

Тхылъым къыщеІо икъуаджэ унэгъо 500-у щыпсэущтыгъэхэм къарыкІыгъэ нэбгырэ 350-р Хэгъэгу зэошхом апсэ емыблэжьхэу зэрэщызэуагъэхэр ыкІи ахэм азыныкъо нахьыбэм къызэрамыгъэзэжьыгъэр.

Аскэр игукъаомэ ащыщ Совет хабзэм илъэхъан тихэку зы мэщыт закъуи къызэрэрамынэжьыгъагъэр, ащ дакІоу, тхьэшІошъхъуныгъэр махэ зэрэхъугъагъэр; динзехьакІохэу, Іазэхэу тиІагъэхэр рарагъэщыхи, жъалымыгъэкІэ зэрагъэкІодыгъагъэхэр...

Непэ АлахьэмкІэ шыкурэу тиадыгэ къуаджэ пэпчъ мэщытхэр икІэрыкІэу дашІыхьэжьыгъэхэшъ, джар къэзыгъэзэжьыгъэ насыпэу тфэхъуным зэрэщыгугъырэри, тиныбжьыкІэхэр тпІунхэу, длэжьынхэмкІэ мэхьанэшхо зэриІэри къыхегъэщы.

Аскэр апэ римыгъэшъымэ, ауж къыригъэнагъэхэп икъуаджэ къыдэкІыгъэхэ цІыф гъэсагъэхэри: Теуцожь Цыгъо, ащ ыкъоу Нухьэ, Іэшъынэ Хьазрэт, ГъукІэлІ Нурбый, Къат Теуцожь афэдэхэу ІэкІыб къэралыгъохэми шІукІэ, дахэкІэ щызэлъашІэхэрэри.

Тхылъэу мыщ фэдиз шІуагъэ зыпылъым, щыкІэгъэ гъэнэфагъэхэри иІэхэми, тиадыгэ лъэпкъ къырыкІуагъэм изы Іахьэу сэ сеплъы.

***КЪАДЭ Мухьдин.***

Адыгэкъал.

Адыгэр тыди щыадыг

# АКЪЫЛ ХЭЛЪЭУ ЯIОФШIЭН ЗЭХАЩЭ

*Израиль ит къуаджэу Рихьаные щыпсэурэ Шапсыгъэ Амир иунагъо былымэхъо фермэу иIэр мы Iэгъо-чIыгъом щынахь ин. Ащи изакъоп, фермэм джырэ технологиехэр игъэкIотыгъэу щагъэфедэх.*

**ФЕРМЭ** пэрытым ибысым тыдэгущыIэнэу, иIофшIакIэ къызэдгъэлъэгъунэу итхъухьагъэти, муниципальнэ Хасэм ипащэу Гъыщ Самир тигъусэу тыкIуагъ. Амир фермэм тетыгъэп, ащ телефонкIэ тыдэгущыIагъ. «Джыдэдэм сыкъэсыщт», — къытиIуагъэти, Гъыщым уахътэр хьаулыеу ыгъэкIуагъэп, Шапсыгъэм ифермэ ехьылIагъэу къэбар къытшIэгъонхэр къытфиIотагъэх. «Фермэм цIыфхэр сыдигъуи тетынхэр ищыкIагъэп, видеокамерэхэр чIыпIабэм ащыгъэуцугъэхэшъ, уиунэ укъимыкIэу мыщ щыхъурэ-щышIэхэрэм уалъыплъэн плъэкIыщт», — еIо Гъыщ Самир.

Амири къэсыгъ, каникулым щыIэ икIалэу Нухьи игъусагъ, ар тым иIэпыIэгъушIу. КIэлэцIыкIур ятэ къыIорэм едэIу, ышIэрэм лъэплъэ, ежьыми иIахь хегъэкIы.

— ИлъэситфыкIэ узэкIэIэбэжьымэ, — къеIуатэ Амир, — зэшхэм зэдэтштэгъагъэ пчэнхэр тхъунхэу, апэрэмкIэ кIэ гори хэтлъхьэгъагъэп мы IофшIэным, кIо, нахьыпэкIэ зэрашIыщтыгъэм фэдэу Iофым дэтыублагъ, лъэшэу тыпшъыщтыгъэ, пчэдыжьым къыщегъэжьагъэу пчыхьэ охъуфэкIэ фермэм тыщыIагъ. Джы ащ фэдэжьэп, сэ скIочIэ закъокIэ зэкIэ Iофхэр зэшIосэхых, Нухьэ сигъусэ зыхъукIэ, къин гори тыIукIэрэп...

НэмыкI шъыпкъэу фермэм IофшIэнхэр щызэхащэхэу зэраублэгъагъэр ащ къытфиIотагъ. Ахъщэ зэхалъхьи, пчэн тIокI ащэфыгъ, мэкIэ-макIэзэ фермэм Iэщхэр щашIыгъэх, ящыкIэгъэ техникэр, Iусхэр къызIэкIагъэхьагъэх. КъалэжьырэкIэ зэкIэ сомэ къемылэу, яхъызмэт хэхъоныгъэ зэришIыщтым пэIуагъахьэщтыгъ, арыми узыгъэгушIон горэ яIоф къыкIакIощтыгъэп. IофшIэныр ылъапсэ нэсэу зэблахъунэу зэдаштагъэ.

ЗэхэгущыIэжьыхи, яфермэ технологическэ процессыкIэр щагъэфедэнэу рахъухьэгъагъ. «Пчэныщэм икъэхьыжьынкIэ Израиль щагъэфедэу хьугъэгъэ компьютернэ автоматическэ линиер тэри дгъэфедэнэу итхъухьагъ. Ар федэхэкIыпIэ тфэхъуным тицыхьэшхо телъыгъэп, ау етIанэ тыкIэгъожьыгъэп, сыда пIомэ федэ къытфихьыщтыгъэ)».

СистемакIэм ищэфын, игъэуцун атекIодэгъэ мылъкум ызыныкъор къэралыгъом зэшхэм къаритыжьыгъ.

— Тэ тыди тыкIоныр ищыкIэгъагъэп, — ыгъэшIагъоу къытфеIуатэ Амир, — специалистхэр къакIохи, системэр агъэуцугъ, Iоф зэришIэрэр ауплъэкIугъ, къытфаIотагъ, къытагъэлъэгъугъ ищыкIагъэ хьумэ епшIылIэщтыр. Джы джэнэтым исхэм тафэд. Шъори мары шъулъэгъущт ар.

Классическэ музыкэр шъабэу къэIу, етIанэ рок-музыкэр тхьакIумэм къыредзэ — чэщи мафи радиом иIофшIэн зэпыурэп. ШIэныгъэлэжьхэм хагъэунэфыкIы: былымхэм щэр нахьыбэу къатынымкIэ, нахь лыбэ ашIынымкIэ музыкэм ишIуагъэ къэкIо...

Шапсыгъэм ифермэ непэ




Шапсыгъэ Амир.

ЫбгъукIэ ущытэу мыщ щыхъухэрэм уалъыплъэныр лъэшэу гъэшIэгъоны, циркым фэд: цIыфым командэу ытыгъэм дырагъаштэу пчэнхэр къакъырым куп-купэу къычIэхьэх, сатыр занкIэу къэуцух. Амиррэ Нухьэрэ шхол пэпчъ фытегъэпсыхьагъэу щэр зэразыщтыр пагъанэ — ащ такъикъ нахыбэп ыкъудыирэр. Оборудованиер зыпагъанэрэм щэр цистернэшхом елъадэ, ащ ренэу а зы температурэр щиIыгъ, ащ къыхэкIэу градус 40-м нэсэу фабэ щыIэми, щэм идэгъугъэ зэблэхъурэп. Щэ литрэу илъэдагъэ пэпчъ системэм къелъытэ. Тель-Авив ипульт къыщыуаIон алъэкIыщт резервуарым щэу илъэдагъэр зыфэдизыри, литрэ пчъагъэу дащыгъэри. А зы уахътэм мафэ къэс щэр зыщэфырэ машинэр мыщ къэкIо, арышъ, фермэм ибысым мыщ ренэу щыIэныр ищыкIагъэп: компьютерыр бгъэпщIэн плъэ-




Амир иIэпыIэгъу шъхьаIэр ащ ишъаоу Нухь.

пчэн 200-м ехъу щаIыгъ. Пчэн хъубгапхъэхэр Австрием, Францием къащащэфыгъэх. ЧIыпIэ пчэн лъэпкъхэри аIыгъых. Былымхэр къэбзэ-лъабзэх, пкъыгъо лые гори нэм къыкIидзэрэп.

Пчэн пэпчъ къэбарэу пылъыр микрочипхэу ащ ытхьэкIумэ хэгъэнагъэхэм зыдаIыгъ. Компьютерым къыредзэ зы мафэм пчэным Iусэу ратыгъэр, ионтэгъугъэ къыхэхъуагъэр, щэу къытыгъэр зыфэдизыр. А машинэ Iушым пчэным иорганизмэ зэхъокIыныгъэ горэхэр фэхъугъэмэ, ипсауныгъэ зэщыкъуагъэмэ инэплъэгъу ригъэкIырэп. А пстэум фермэм ипащэ иIофшIэн лъэшэу къагъэпсынкIэ, джары Амир мафэм тIогъогогъу нахь фермэм темыхьэми зыкIэхъурэр.

Былым пэпчъ паспорт иI, ар кIыщтэп, учетыр мыщ пхъашэу щызэхэщагъ. Тхьамафэ тешIэрэм къэс щэм къыкIэкIуагъэр Шапсыгъэм исчет къырагъахьэ.

— Джы сэ къызгурэIо, — еIо Амир, — илъэситфыкIэ узэкIэIэбэжьымэ, тытегушхуи, оборудование лъапIэр къызытэщэфым тэрэзэу тызэрэзекIогъагъэр, джырэ технологиеу



Фермэм пчэнхэр зэрэщаIыгъхэр.



Израиль мэкъу-мэщымкIэ иминистерствэ щыухэсыгъ. Пчэнылэу къахьыжьырэр зэкIэ Палестинэм ещэфы, щэр къэрал кIоцIым щащэ. Щэ литрэ шъихэу гурытымкIэ мафэ къэс къакIащырэр компаниеу «Тнув» зыфиIорэм ещэфы. Ащ къое лъэпкъ зэфэшъхьафхэр, йогурт-хэр, ряженкэхэр, диетическэ, сабый шхыныгъохэр хашIыкIых.

къызIэкIэдгъэхьагъэм ишIуагъэкIэ тиIофшIэн лъэшэу къытфэпсынкIагъ, лымрэ щэмрэ якъэхьыжьыни нахь IэшIэхэу зэшIотхы хъугъэ. Ащ тытыригъэгушIухьагъ тапэкIи шIогъэшхо къэзытыщт амалхэр нахьыбэу зетхьанхэм. ГухэлъыкIэхэри къысфакIохэ хъугъэ. Мэлхэр хъугъэнхэми сыдехьыхы. Мэл зыбгъупшI сщэфыгъэ. ТапэкIи ахэм ахэзгъэхъощт.

**НЫБЭ Андзор.**
**(Тисобкор.).**

ЗЭПАХЫРЭ УЗХЭМРЭ ТЫКЪЭЗЫУЦУХЬЭРЭ ДУНАИМРЭ

# АРГЪОЙХЭР – хьацIэ-пIэцIэ щынагъох



**ЦIЫФХЭМ** къяцэкъэрэ хьацIэ-пIацIэхэм ащыщэу анахь щынагъокIэ тыкъэзыуцухьэрэ дунэе шъхьэихыгъэм щалъытэхэрэр цIыфылъым ешъорэ аргъойхэр арых пIомэ хэукъоныгъэ хъущтэп. Ахэр жъугъэу цIыфхэм къазытебанэхэкIэ, гупсэфыгъо зэрарамытырэм имызакъоу алъ ешъохэ зыхъукIэ, пкъынэ-лынэм Iупсэу хатIупщыхьэрэм кIышъор егъэхъупцIы, егъэбжьыбжьы, зэцэкъэгъэ чIыпIэм гу зылъытэгъое ягъэ фэхъу, плъыжь ешIы (цIыфылъым ешъорэр аргъоибзыр ары, хъухэм ягъомылэр къэкIыхэрэм IэшIупсэу акIэтымрэ псымрэ арых).

Аужырэ илъэс 20-м къыкIоцI тиреспубликэ вирускIэ зэпахырэ узхэр зезыхьэрэ аргъой лъэпкъхэр нахьыбэ зэрэщыхъухэрэр псыуцупIэмэ апэблагъэу псэухэрэ къоджэдэсхэм инэу зэхашIэ хъугъэ.

— Республикэм къыгъэгъунэрэ чIыналъэм техьагъур, Западнэ Нил иIэгъо-благъохэм къащяузырэ чъыIалIэр, нэмыкIырэ зэпахырэ уз хьылъэхэр цIыфхэм къафэзыхьын зылъэкIыщт лъыешъо аргъой лъэпкъ 23-рэ къыщыхагъэщыгъ, — еIо Роспотребнадзорым и ГъэIорышIапIэу АР-м щыIэм ипащэу Аджыр Аслъанэ.

Ащ тызэрэщигъэгъозагъэмкIэ, бэдзэнэшъухэу, фэшъхьаф хьацIэ-пIэцIэ щынагъохэу, бамыкI лъэпкъхэу Адыгэ Республикэм къыгъэгъунэрэ чIыналъэм щыпсэухэрэм ушэтынхэр арашIылIагъэх. Ахэм къызэрагъэлъагъорэмкIэ, тыкъэзыуцухьэрэ дунаим игъэпсыкIэ ыпкъ къикIыкIэ ахэм афэдэ хьацIэ-пIэцIэ щынагъохэр жъугъэу зыщыбэгъонхэ алъэкIыщт чIыпIэхэм тиреспубликэ ахэхьэ.

Бгъагъэр зыпштэкIэ, ащ иквадратнэ метрэ пэпчъ аргъоеу исыр фэди 10 — 100-кIэ нахьыбэ зыхъукIэ, лъыешъо хьацIэпIацIэхэм зэрахьэрэ-зэпахырэ уз щынагъохэр къежьэнхэмкIэ, ахэр цIыфхэм къяузынхэмкIэ гъэнэфагъэу щынагъо щыIэу мэхъу. Арышъ, ыпшъэкIэ зэрэщыдгъэунэфыкIыгъэу, аргъойхэр зэряцакъэхэрэм цIыфхэр егъэтхьаусыхэх, гупсэфэу загъэпсэфын, Iоф ашIэн алъэкIыным иамалхэр икъоу агъотынхэ алъэкIырэп, чэмхэм щэу къакIахырэм рыгъунэу къащэкIэ, шкIэхэр нахь макIэу къакIэхъох.

ЦIыфхэм зэрар ин къязыхырэ аргъойхэр нахь жъугъэу зыщыбагъоу агъэунэфыгъэхэр цIыф псэупIэхэу къуаджэхэу Джэджэхьабл, Тэуехьабл, Къунчыкъохьабл, Адэмый, Хьатикъуай, кутырэу Чумаковыр, Джамбэчый, Улап, селоу Штурбинэр, Еджэркъуай, Пщыжъхьабл, нэмыкIхэри арых.

Муниципальнэ образованиеу «Красногвардейскэ район» зыфиIорэм псыхъохэу Лабэ, Пшызэ, Шъхьагуащэ, Щыкъ псыубытыпIэр, мыхэм япсытеуапIэхэр арытых (зэкIэми зэрашIэу, а чIыпIэхэр арых аргъойхэр нахьыбэу зыдэщыIэхэр), илъэс пчъагъэм къыкIоцI аргъойхэр гъэкIодыгъэнхэм афэгъэхьыгъэ Iофтхьабзэхэр икъу фэдизэу ащызэрахьанхэу хъурэп. Ащ пэIухьащт мылъкур зэраIэкIэмылъым изэрар лъэшэу къэкIо. ФФГУЗ-у «Адыгэ Республикэм къэбзэныгъэмрэ зэпахырэ узхэм ябэныгъэнхэмрэкIэ и Гупчэ» иIофышIэхэм 2007 — 2010-рэ илъэсхэм, цIыфхэр къызэрэкIэдэугъэхэм пае, Красногвардейскэ районым энтомологиемкIэ иIофхэм язытет пчъагъэрэ аупльэкIугъ. АхэмкIэ специалистхэм (энтомологхэм) зэфэхьысыжьэу ашIыгъэхэм къызэраушыхьатырэмкIэ, аргъойхэр анахьыбэу зыщыбагъохэрэр Щыкъ псыубытыпIэр, нэмыкIырэ псэупIэхэм, псыхъохэм янэпкъыхэр арых. ЕтIанэ къэхъугъэкIэ аргъойхэр жьыбгъэм зыдилъэсырэ лъэныкъомкIэ зэфэшъхьаф цIыф псэупIэхэм, ахэм ащыщэу къуаджэу Адэмыий нахь дэбыбэх. Тыкъэзыуцухьэрэ дунаим ичIыопс изытет ыпкъ къикIыкIэ гурытымкIэ чэщ-зымафэм уплъэкIунхэу ашIыгъэхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, аргъой щырхэр мэлылъфэгъу мазэм къыщегъэжьагъэу чъэпыогъу мазэм нэс жъугъэу къэхъух. Мэзи 7 — 8-м къыкIоцI ахэр мэбыбых, лъэшэу мэцакъэх ыкIи ахэр анахьыбэу зыщыплъэгъухэрэр мэкъуогъу мазэм къыщыублагъэу шышъхьэIу мазэм ыкIэм нэсэу ары. Анахьэу цIыфмэ къазытебанэхэрэр пчыхьэм тыгъэкъохьажьыгъом ыкIи пчэдыжьым тыгъэкъыкъокIыгъом адэжь. Аргъоибзым кIэнкIи 120 — 400 егъэтIылъы, гъэмафэм ыгъашIэрэр мазэ — мазэрэ ныкъорэ. КIымэфэ уахътэм ащ мэзи 6 — 7 ыгъэшIэн ылъэкIыщт. А уахътэм къыкIоцI ащ гъогогъуи 5 кIэнкIэхэр егъэтIылъых. Арышъ, зэпахырэ уз щынагъохэр цIыфхэм къямыузынхэм, лъыешъо хьацIэ-пIацIэхэм япчъагъэ нахь макIэ шIыгъэным икъу фэдизэу тынаIэ тетыдзэн фаеу щыт.

МыщкIэ мэхьанэшхо яI дамбэхэр игъом укъэбзыгъэнхэм, хъызмэт IофшIэнхэмкIэ ямыщыкIэгъэ псыутIэхэр гъэгъушъыгъэнхэм, дренаж системэр гъэцэкIэжьыгъэным, ощхышхо къещхымэ псыр зэрыдащырэ канализациер зэтегъэпсыхьэгъэным, нахь куоу шIыгъэным, псыуцупIэ е псэу чъэрэр зэрыт псыутIэ инхэм янэпкъхэр узэнкIыгъэнхэм. Джащ фэдэу ахэм псэу къакIэрытыр нахь куу шIыгъэн, псы нэпкъхэм апэблагъэу псым къыхакIэхэрэмрэ псыкIыIум техъорэ шIойхэмрэ пIэлъэ гъэнэфагъэкIэ укъэбзыгъэнхэ фае. КъэкIыхэрэм акIагъэхъорэ ыкIи хъызмэтымкIэ агъэфедэрэ псыр охътэ кIыхьэм къыкIоцI зыщаIыгъхэрэм шъхьэтепIо ателъын ыкIи ахэм арытырэ псыр тхьамафэм зэ зэблахъузэ амышIы хъущтэп. ХэтэрыкIхэм псы акIагъахъо зыхъукIи нахь чIыпIэ лъхъанчэхэм псыр арымыуцоным ульыплъэн фае, хъызмэтымкIэ ямыщыкIэгъэ псыутIэхэмрэ машэхэмрэ игъом гъэсэигъэхэми ишIуагъэ къэкIощт.

А пстэум ягугъу къызыкIэтшIырэр, социализмэ щыIакIэр зэбгырызыжьи, капитализмэ псэукIэм тызытыращэрэ илъэс пчъагъэм къыкIоцI а Iофыгъохэм ащыщ гори зэрахьажьырэп пIоми хъущтышъ ары. ЩIыф къызэрыкIохэр амали, къулайи ямыIэу къызэрагъэнагъэхэм, ежь хабзэм мылъку имыкъур зэриушъхьагъу зэпытым къыхэкIэу къуаджэхэу псыуцупIэхэм, псыхъохэм акIэрысхэм аргъойхэм щыIакIэ къаратыжьырэпышъ «Мардж» мыухыжьым хэтых.

Джащ фэдэ чIыпIэ илъэс пчъагъэ хъугъэу итых къуаджэу Адэмые щыпсэухэрэр. Ахэм мыгъэ гуIэжьхэу зыкъытфагъэзэгъагъ. «Мардж, аргъоймэ ташхы!» Адыгэ Республикэм ит къоджэ инхэм зыкIэ тащыщ, унэгъо 400 Iэпэ-цыпэу тыщэпсэу. КъоджэдэсхэмкIэ лъэшэу типащэхэм тялъэIу зыгорэ къытфашIэнэу, амал горэ щыIахэмэ, аргъойхэр тфагъэкIодынхэу тащэгугъы» — джары гъэзетым къыфатхыгъэгъэ письмэм къыщиIощтыгъэр. Тхыгъэри гъэзетым къихьагъ, къулыкъушIапIэхэу зытефэхэрэм япащэхэми ащкIэ зафэдгъэзагъ. Мыщ пыдзагъэу къэтIон ежь къоджэдэсхэм сомэ 200, 100 зэхагъахъозэ, сомэ мин 31-рэ 500-рэ къызэраугъоигъэр. А IофшIэныр Джэбатыр Олерэ ЯкIыкъо Хьалимэтрэ агъэцэкIагъ. Нэужым къуаджэм идахэ зыIэтэу, къоджэ Iофыгъоу аргъойхэм ягъэкIодынкIэ къэтэджыгъэм ямылъку халъхьэзэ, чылэм зишIуагъэ езыгъэкIыгъэхэм зэкIэм алъэкъуацIэхэр къетIон. Ахэр: Цэй Камаль — сомэ мини 10, Чыназыр Алый — мини 5, Даур Вячеслав мини 5 къатыгъ. НэбгырэпшIыкIутIоу сомэ мин зырыз къэзытыгъэхэр: Ягъумэ Марыет, ХьапэкIэ Аслъан, Шэх Аслъан, Шэх Альберт, Набэкъо Хьазрэт, Набэкъо Казбек, Чэтэо Аскэр, Джэбатыр Юр, Бахъукъо Хьазрэт, ЛъэпцIэрыкъо Алый, Чыназыр Алый, Сэбанэкъо Аслъан. Сомэ шъитфыкIэ хэлэжьагъэхэр Чыназыр Эдуардрэ Къудаикъо Алыйрэ, шъищыкIэ ХьапэкIэ Налбыйрэ Чэтэо Светланэрэ ыкIи шъитIукIэ Налбантэ Мэмэтрэ Чыназыр Марыетрэ.

Мыщ дэжьым игугъу къыщытшIын ООО-у «Гигиена» зыфиIорэм ипащэу Аджыр Руслъанэ игупыкIыкIэ ишIогъэшхо къызэригъэкIуагъэр. Ащ аргъойхэр зэрагъэлIэщт уцхэу цифокс 50 мм, кукарача, бактицифокс зыфиIохэрэр адэмыехэм афаригъэщэгъагъэх. Ахэр къоджэдэс унагъо пэпчъ зэрафикъущтым елъытыгъэу зэрэтыракIэщт шIыкIэри агуригъаIозэ, Тухътэрэ Розэ атыригощагъ. Джащ фэдэу Адэмые щыпсэурэ Бахъукъо Аскэр самолетэу уцхэр тезыкIэщтым иIофыгъохэр зэшIуихыгъэх. Псышъхьашъомрэ ащ ыгъунэхэмрэ самолетым уцхэр къазытыретакъом сомэ мин 15 текIодагъ.

— Къуаджэм Iофтхьабзэу щызэшIуахыгъэм ишIуагъэ къызэрэкIуагъэр къэзыушыхьатырэр, — еIо Роспотребнадзорым и ГъэIорышIапIэу АР-м щыIэм испециалист-эксперт шъхьаIэу зэпахырэ узхэм яотдел иIофышIэу Шэуджэн Нурыет, — аргъойхэр фэдэ 20-кIэ нахь макIэ зэрэхъугъэхэр ары.

ИкIэухым къыщытIон хьацIэ-пIацIэхэм зэрахьэрэ узхэр зэпамыхынхэм иIофтхьабзэхэм ыкIи техьагъу узыр къемыжьэным иамалхэр зехьэгъэнхэм зэретегъэпсыкIыгъэр 2008 — 2010-рэ илъэсхэм ателъытэгъэ программэу Адыгэ Республикэм щаштэгъагъэр. Ащ къыделъытэ тичIыналъэхэр къэбзэныгъэм ишапхъэхэм адиштэу шIыгъэнхэр, зэпахырэ узхэр зезыхьэрэ хьацIэ-пIацIэхэр гъэкIодыгъэнхэр. Ащ шIуагъэ къымытыгъэу пфэIощтэп. Сыда пIомэ мы аужырэ илъэситфыр зыпштэкIэ, Адыгэ Республикэм техьагъур къыщяузыгъэу агъэунэфыгъэп. Арэу щытми, ыпэрэ илъэсхэм республикэм къэкIуагъэхэм ащыщхэм ар къызыдахьэу къыхэкIыгъ. Азербайджан, Таджикистан, Республикэу Чад (Африкэр) къарыкIыгъэ нэбгырищ а узыр ядагъоу агъэунэфыгъагъ. Анахьэу гумэкIыгъом икъэкIуапIэу щытыр чIыпIэрыс цIыфхэм ащыщхэми ар къяузыным ищынагъо зэрэщыIэр ары. Республикэм къыгъэгъунэрэ чIыналъэм бэдэдэ хъоу псыутIэхэр зэритхэр (охътэ гъэнэфагъэкIэ агъэфедэнхэу ашIыгъэ ыкIи ренэу агъэфедэрэ псыутIэхэу гектар 570-м къехъу зыубытыхэрэр) дэгъу дэдэп. Сыда пIомэ ахэм техьагъу узыр зезыхьэрэ аргъой лъэпкъхэр жъугъэу ахэсых. Джащ фэдэу республикэм къакIохэрэми а узыр къызыдахьын алъэкIыщтышъ, мыщ щыпсэухэрэм техьагъур къяузыным ищынагъо щыIэ зэпыт.

Техьагъур къызэузыгъэхэр игъом къыхэгъэщыгъэнхэм, зэрифэшъуашэу ахэм IэпыIэгъу ягъэгъотыгъэным пае илъэс къэс IэзэпIэ-профилактическэ учреждениехэм а Iофыгъохэм афэгъэхьыгъэ теоретическэ, практическэ занятиехэр ащызэхащэх. Техьагъур цIыфхэм къямыгъэузыгъэным фэгъэхьыгъэ лекцие 19-рэ зэдэгущыIэгъу 87-рэ медицинэм иIофышIэхэм афызэхащагъэх, тематическэ санбюллетень 19 фэдиз къыдагъэкIыгъ. Къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ телевидением къыщыгущыIагъэх, республикэ, чIыпIэ гъэзетхэм тхыгъэхэр къащыхаутых. Щэч зыхэмылъыр, узэдеIэжьмэ, аргъойхэри, нэмыкI хьацIэ-пIэцIэ щынагъохэри республикэм нахь макIэ щышIынхэ зэрэплъэкIыщтыр ары.

*ШАКIО Мир.*

ГАНДБОЛ. СУПЕРЛИГЭР

# ПшъэрылъхэрцІыкІухэп



Мыекъопэ гандбол клубэу «Адыифыр».

**Урысые Федерацием гандболымкІэ изэнэкъокъухэу суперлигэм щыкІорэмэ ахэлэжьэрэ командэмэ 2010 — 2011-рэ илъэс ешІэгъур Іоныгъом и 4-м аублэ. Мыекъопэ «Адыифым» итренер шъхьаІэу, Урысыем изаслуженнэ тренерэу Александр Реввэ, тиспортсменкэмэ зэІукІэгъухэр зыщырагъэжьэнхэм гущыІэгъу тафэхъугъ.**

— Пшъэрылъ гъэнэфагъэхэр тиІэхэу илъэсыкІэ ешІэгъур етэгъажьэ, — еІо Александр Реввэ. — Гандболыр зикІасэхэр дгъэгушІохэ тшІоигъу.

***— Спортыр зикІасэхэр анахьэу къызыкІэупчІэхэрэр командэм зэхъокІыныгъэу фэхъугъэхэр ары.***

— ЗэлъашІэрэ гандболисткэ тикомандэ къедгъэблэгъэн зэрэтымылъэкІыщтыр дэгъоу ошІэ. Адыгеим щыдгъэсэгъэ ныбжьыкІэхэр арых гугъапІэу тиІэхэр.

***— Командэм сыхэплъэшъ, зи хэкІыжьыгъэп.***

— Марина Васильевамрэ Ольга Исаченкэмрэ сабыйхэр къафэхъугъэх, япшъэшъэ цІыкІухэр апІух. Мария Мартыненкэм ылъакъо хъужьыгъэгоп, джыри мэзэ заулэрэ еІэзэщтых. Лариса Сысоевам шІэхэу къыгъэзэжьыщт.

***— НыбжьыкІэу шъуштагъэмэ ащыщых Екатерина Сухановамрэ Марина Чурбановамрэ. ТІури Іэсэмэгух.***

— Екатерина Суханովар Урысыем иныбжьыкІэ хэшыпыкІыгъэ командэ хэт, къэлапчъэм Іэгуаор анахьыбэрэ дэзыдзэрэмэ ащыщ, псынкІэу мэгупшысэ, спортсменкэ дэгъу хъунэу тыщэгугъы.

***— Мыекъуапэ икомандэ щешІэщтыгъэмэ ащыщ тикъалэ къыгъэзэжьынэу къыуиІуагъэба?***

— Дунаим ичемпионкэу Инна Суслинар «Звездам» къыхэкІыжьыгъ, ау Мыекъуапэ къыгъэзэжьыгъэп. «Ростов-Доным» икъэлэпчъэІутэу хэгъэгум изэнэкъокъумэ ахэлэжьэщт.

***— Виктория Калининар, Эльвира Ищенкэр, Наталья Тормозовар...***

— Викторие «Звездам» икъэлэпчъэІут, Урысыем иныбжьыкІэ хэшыпыкІыгъэ командэ щешІэ. Эльвира Ищенкэр «Ростов-Доным» икапитан, къэлапчъэм Іэгуаор анахьыбэрэ дэзыдзэрэмэ ащыщ. Наталья Тормозовар «Кубань» Краснодар икъэлэпчъэІут.

***— Тикомандэ хащынэу хэта къызаджэхэрэр?***

— Мария Гарбуз дунаим иныбжьыкІэмэ язэнэкъокъу тыжьын медалыр къыщыдихыгъ. «Звездам» итренер шъхьаІэу Евгений Трефиловыр къылъэплъэ. Екатерина Сухановари тренерхэм янэплъэгъу ит.

***— Тигандбол командэ мыгъэ сыда зыфэбэнэщтыр?***

— Апэ ит командитфмэ ащыщ тыхъунэу тыфай. СэшІэ ар къин къызэрэтфэхъущтыр. Я 6-рэ чІыпІэм нахь лъхъанчэу тыкъемыхыныр типшъэрылъ шъхьаІэу щытыщт.

***— ШъуигухэлъышІухэр къыжъудэхъунхэу шъуфэсэІо.***

— Тхьауегъэпсэу.

## «Адыифым» щешІэщтхэмрэ ипащэхэмрэ

«Адыифым» иапэрэ ешІэгъухэм ахэлэжьэщтхэр:

**1. Рюхина Светлана**
**7. Романенко Мария**
**8. Игнатченко Анна**
**9. Чурбанова Марина**
**10. Малхозова Ирина**
**11. Еремченко Наталья**
**12. Буряченко Анна**
**14. Суханова Екатерина**
**17. Гусакова Татьяна**
**18. Гопиенко Татьяна**
**19. Яцкевич Екатерина**
**21. Андреева Анастасия**
**25. Косенкова Анастасия**
**26. Коцарева Юлия**
**29. Дьякова Екатерина**
**36. Гарбуз Мария.**

**ШъунаІэ тешъудз:** спортсменкэмэ ямайкэмэ атедзэгъэ номерыр ары пчъагъэмэ къагъэлъагъорэр.

**Ревва Александр — тренер шъхьаІ, УФ-м изаслуженнэ тренер.**

**Рюхина Ольга — тренер, Адыгэ Республикэм изаслуженнэ тренер.**

**Кондратенко Петр — врач.**

**Тхьагъэпсэу Нурбый — администратор.**

## «Адыифым» изэІукІэгъухэр

**4.09.**
**«Лада» — «Адыиф».**

**8.09.**
**«Адыиф» — «Ростов-Дон».**

**12.09.**
**«Звезда» — «Адыиф».**

ФУТБОЛ. ЯТІОНЭРЭ КУПЫР

# Р. Къулэм тегъэгушІо

**«Автодор» Владикавказ — «Зэкъошныгъ» Мыекъуапэ — 0:1.**

**ШышъхьэІум и 31-м Владикавказ щызэдешІагъэх, еплъыгъэр 1200-рэ.**

**Зезыщагъэхэр: Ю. Сотников — Новороссийск, К. Никиша — Кропоткин, А. Къошк — Шытхьал.**

**Къэлапчъэм Іэгуаор дэзыдзагъэр: Къулэ Руслъан, 90.+**

«Зэкъошныгъэр» текІоныгъэм фэбэнагъ. ЕшІэгъур зыщаухыным Вадим Балабановыр лъэшэу зэогъэ Іэгуаор бысымхэм якомандэ икъэлэпчъэпкъ къыгъэлъэтэжьыгъ. Ащ лъыпытэу Къулэ Руслъан ухъумакІомэ ябэнызэ, шъхьэкІэ зэогъэ Іэгуаор хьагъэм ифагъ, 1:0-у «Зэкъошныгъэм» зэІукІэгъур къыхьыгъ.

Купым хэтхэр зэрешІагъэхэр:

**«Ангушт» — «Черноморец» — 1:0, еплъыгъэр 1000, «Дагдизель» — «МИТОС» — 1:1, еплъыгъэр 3000, «Батайск» — «Кавказтрансгаз» — 0:3, ешІагъэхэп, «Энергия» — «Торпедо» — 1:3, еплъыгъэр 1000, «Динамо» — «Краснодар-2000» — 1:1, еплъыгъэр 500, «Таганрог» — «Мэщыкъу» — 0:0, еплъыгъэр 800, СКА — «Беслан» — 3:1, еплъыгъэр 900.**

## ЧІыпІэу зыдэщытхэр

Іоныгъом и 2-м ехъулІэу командэхэр зыдэщыт чІыпІэхэмрэ очко пчъагъэу яІэмрэ:

**1. «Черноморец» — 55**
**2. «Торпедо» — 52**
**3. «Мэщыкъу» — 40**
**4. «Астрахань» — 38**
**5. «Кавказтрансгаз» — 36**
**6. «Зэкъошныгъ» — 31**
**7. «МИТОС» — 30**
**8. «Энергия» — 29**
**9. «Краснодар-2000» — 29**
**10. «Беслан» — 27**
**11. «Дагдизель» — 26**
**12. «Ангушт» — 23**
**13. СКА — 22**
**14. «Динамо» — 21**
**15. «Таганрог» — 18**
**16. «Автодор» — 16**
**17. «Батайск» — 15.**

Іоныгъом и 6-м «Зэкъошныгъэр» Астрахань икомандэ тикъалэ щыІукІэщт.

*НэкІубгъом итхэр зыгъэхьазырыгъэр ЕМТІЫЛЪ Нурбый.*

**Зэхэзыщагъэхэр:** Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр, иминистрэхэм я Кабинет

**КъыдэзыгъэкІырэр:** Адыгэ Республикэм лъэпкъ ІофхэмкІэ, ІэкІыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряІэ зэпхыныгъэхэмкІэ ыкІи къэбар жъугъэм иамалхэмкІэ и Комитет
Адресыр: ур.Крестьянскэр, 236

**Редактор шъхьаІэр**

**ДЭРБЭ ТИМУР**

**Редакцием зыдэщыІэр:** 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.
**Телефонхэр:** приемнэр: 52-16-79, редактор шъхьаІэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44, редактор гуадзэр-пшъэдэкІыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail: adygvoice@mail.ru**

**Зыщаушыхьатыгъэр:** Урысые Федерацием хэутын ІофхэмкІэ, телерадиокъэтынхэмкІэ ыкІи зэлъыІэсыкІэ амалхэмкІэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чІыпІэ гъэІорышІапІ, зэраушыхьатыгъэ номерыр **ПИ №10-3892**

Гъэзетым къыхиутыхэрэм мышъыпкъагъэу къахафэхэрэмкІэ къэзытхыгъэхэм пшъэдэкІыжь ахьы. Къатхэхэрэмрэ гъэзетым щылажьэхэрэмрэ яеплъыкІэ зэтемыфэн ылъэкІыщт. Гъэзетеджэхэм къытфагъэхьырэ тхыгъэхэр зэхэтфыхэрэп ыкІи къэзытхыгъэхэм аІэкІэдгъэхьажьыхэрэп.

**Зыщыхаутырэр** ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**Пчъагъэр 4725**
**Индексхэр 52161 52162**
**Зак. 2472**

Хэутыным узщыкІэтхэнэу щыт уахътэр Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкІэтхэгъэхэ уахътэр Сыхьатыр 18.00